ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЫАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№26 (23.684) ● 2018 гъэм мазаем (февралым) и 22, махуэку ● И уасэр зы тумэнщ

Есэнтlыгу щекlуэкlащ «Iуащхьэмахуэ» зыгъэпсэхуплэ комплексым зегъэужьыным теухуа зэlущlэ. Абы хэтащ Белавенцев О. Е., Кузнецов Л. В., Кlуэкlуэ Ю. А. сымэ

Белавенцев Олег

Кузнецов Лев

Есэнтlыгу къалэм щекlуэкlащ «Iуащхьэмахуэ» урысейпсо турист-рекреацэ комплексым зегъэужьыным теухуа зэlущlэ. Абы хэтащ икlи къыщыгсэлъащ УФ-м и Президентым и полномочнэ лЫкlуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыlэ Белавенцев О. Е., УФ-м Кавказ Ищхъэрэм и Iуэхуэмкlэ и министр Кузнецов Л. В., КъБР-м и Iэтащхьэ Кlуэкlуэ Ю. А., «Кавказ Ищхъэрэм и курортхэр» акционер зэгухьэныгъэм и генеральнэ директор Тlымыжь Хь. Хь., Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм, властым и муниципальнэ органхэм, хабзэхъумэ органхэм я унафэщlхэр.

ЗЭIУЩIЭР къыщызэIуихым Белавенцев Олег къыхигъэщхьэхуркlащ Iуащхьэмахуэ лъапэ дунейпсо мыхьэнэ зиlэ курорт щыныкlэ щыlэ турист-рекреацэ хэкlыпIэхэр зэрыиныр: «Iуащхьэмахуэ лъапэ иlэ зэфlэкlхэмкlэ къыльэщыхьэн ди къэралым и мызакъуэу Европэми щымыIэу жыпIэ хъунущ. Мыбы и псы хущхъуэхэр ди цыхухэм я узынщагъэр егъэфIэкlуэныкlэ зэкlыпIэщ, Европэм и щыгу нэхъ лъагэ дыдэм зыщагъэпсэхуну хущlокъу бгы лыжьэмрэ альпинизмэмрэ фIыуэ зыльагъуу дунейм и къэрал куэдым исхэм. Транспорт зэблэкlыпIэ инхэр зэрыгъунэгъум, зыхуеину инженер инфраструктурэ зэрыщыIэм, бысымхэр зэрыгуапэм, щIыпIэр зэрышынагъуэншэм курортым и цIэр жыжьэ щегъэIу».

УФ-м и Правительствэм и унафэкlэ Iуащхьэмахуэ лъапэ экономикэ щыналъэ хэха къыщызэрагъэпэщащ. Мыбы лыжьэкlэ къыщажьихь гъуэгущlэхэр, кIапсэ гъуэгуэр щаукъуэдиящ, Европэм щынэхь лъагэ дыдэ «Мир - Гарабаши» кIапсэ гъуэгум и ещанэ Iыхьэри яхэту. Иджыпей хьэщlэщ комплексэр кьагъэщlэрэщlэж.

Урысей Федерацэм Кавказ Ищхъэрэм и Iуэхуэмкlэ и министр Кузнецов Лев и псалъэр нэхъ триуфуащ лэжьапIэ Iэнатlэщlэхэр къызэIухын зэрыхуейм. «Экономикэ щыналъэ хэхам къитефIэкlыныгъэхэр нэгъэсауэ къэгъэсэбэпын, щыналъэм и инфраструктурэм зегъэужьын хуейщ», - жиIащ Кузнецов Лев.

КъБР-м и Iэтащхьэ Кlуэкlуэ Юрий къигъэлъэгъуащ «Iуащхьэмахуэ» комплексым илъэс гъэнэгъуэм кьриубыдэу иIэну пщlэр абы и лэжьэкlэм и фIагъыкlэ мы Iэнатlэм зыгъэпсэхуакlуэхэр къешэлIа зэрыхъумрэ елъытауэ зэрыщытынр. Къызэхуэсахэм абы гу лъаригъэтащ комплексым иджыпсту иIэ щытыкlэм, абы дяпэкlэ зегъэужьыныкlэ зэфIэгъэкlыпхъэхэм.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущlапlэ.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЫАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№26 (23.684) ● 2018 гъэм мазаем (февралым) и 22, махуэку ● И уасэр зы тумэнщ

КъБР-м и Правительствэм дыгъуасэ щызэхаша зэlущlэм щыхэплъащ ди щlынальэм терроризмэм пыща щlэпхьаджагъэхэр къыщымыгъэхъуным хуэгъэзауэ щыlэ комиссэм и лэжьыгъэр зэрекlуэкlым. Зэхъуэкlэр къызэlуихащ икlи иригъэкlуэкlащ республикэм и Iэтащхьэ Кlуэкlуэ Юрий.

ТЕРРОРИЗМЭМ и къыхуеджэныгъэхэр нэхъ зыпкърыхьэ цIыхухэм лэжьыгъэ пыухыкlа, хэгъэунэхукlа ядеГъэкlуэкlыным, къытщlэхъуэ щIэблэм щIэныгъэ щызрагъэзгъуэт еджапIэхэм щIэсхэм (зэрыщыту къатщтэмэ, щIалэгъуалэм) дерс щхьэхуэхэр яхузэхэшэным хуэгъэзауэ 2017 гъэм кърахьэжьа Iуэхугъуэхэм къикlуэахэм тепсэлъыхьащ КъБР-м экстремизмэмрэ щIалэгъуалэ политикэмрэ япыща лэжьыгъэхэр щыпIэхэм щызэгъэуIунымкlэ и министр **Къуэшырокъуэ Залым**, КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ - республикэм егъэджэныгъэмкlэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхуэмкlэ и министр **Емуз Нинэ**, Налшык къалэм округым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэ **Алэкъей Арсен**, Шэрэдж щIынальэм и щIыпIэ администрацэм и унафэщlэ **Муртазов Борис** сымэ.

Кlуэкlуэ Юрий зэIущIэм щIэса къульыкъущIэхэр къыхуриджащ къыIэта Iуэхум ехьэлIауэ зрагъэхъулIахэм я мызакъуэу, я лэжьыгъэр къэзылъахъэ лъэпощхьэпохэми щытыкlэр зэрырагъэфIэкlуапхъэу къальытэхэми я гугъу ящIыну.

- Мыбдежым фэрыщlагъ хэтлъхьэу, щхьэтелъащIэу дыщыпсалъэкlэрэ Iуэхур зэрымыкlуэтэнур хэт и дежкlи гурыIуэгъуэу си гугъэщ. Си гугъу тщIы унэтIныныгъэм хуэгъэзауэ, муниципалитетхэм я унафэщlхэм я деж къыщыщlэдзауэ ищхьэкlэ щыIэ къулыкъущIэхэмкlэ щиухьжу, дэтхэнэми хуэфIэкlыр хилъхьалхъащ, - къыхигъэбелджылыкlащ Кlуэкlуэ Юрий.

Къуэшырокъуэ Залым и псалъэм къызэрыхигъэщамкlэ, 2017 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым профилактикэ лэжьыгъэу 722-рэ щрагъэкlуэкlащ. Абыхэм ящыщу 616-р республикэм и хабзэхъумэхэм, нэгъуэщI Iуэхущlапlэхэм я къарукlэ, 106-р федеральнэ мыхьэнэ иIэу зэщIагъэуIуа гупхэм я фIыгъэкlэ. Ди республикэм икlыу Сирием кlуахэм («Исльам къэралыгъуэ» зыфIащам и телъхьэу) я бжыгъэр 120-м нос. Абыхэм ящыщу 50-м, драгъэкlуэкlа зэпсэльэныгъэхэм я фIыгъэкlэ, къарагъэзэжащ.

Цlыухухэм къэралым, республикэм и властхэм дзыхь зэрыхуащIыр къахутэн хьисэпкlэ, 2016 гъэм ирагъэкlуэкlа щIэупщIэныгъэхэм къызэрагъэлъэгъуамкlэ, процент 17-рщ унафэщlхэм ирагъэкlуэкlи лэжьыгъэмкlэ арэзыуэ жызыIар. Ди гуапэ зэрыхъунщи, 2017 гъэм а бжыгъэр процент 35-м нэблэгъащ.

- Щытыкlэр нэхъыфI зэрыхъуар нэрылъагъуми, ди лэжьыгъэр адэкlи къэзылъахъэхэм ящыщщ цыху лъэпощхьэпахэм ядалэжьэфын психологхэр зэрыдимащIэри, хабзэхъумэ Iэнатlэхэм къулыкъу щызыщlэхэм ящыщ я зыныкъуэхэр пхъашэIуэу Iуэхум зэрыбгъэдэлъхьэри, нэгъуэщlхэри, - къыхигъэщащ Къуэшырокъуэ Залым.

Емуз Нинэ зэрыжиIамкlэ, езыр зи пашэ министерствэм ди зэманым гулъытэ хэлъти къа щызыщlхэм ящыщщ, зэ нэхъ мыхъуми «щыуагъэшхуэ» зыIэщlэкlаxэр зыщIэса еджапIэхэм программэ щхьэхуэхэр яхуэзэхъыжьэнри, абыхэмкlэ ядэлэжьэнри, нобэрей гъащlэм къиГъэув Iэмалыщlэхэр гъэсэныгъэм къыщигъэсэбэпынри, къэралым къыщыунэхуа «щIалэгъуалэ политикэ» зыфIаща унэтIныныгъэщIэр зи гугъу ящI Iэхум гъунэгъуу «къэшэIэнри».

ЕтIуанэу зэхъыхэм щытепсэлъыхьащ нэгъуэщI къэрал кьикlаxэу КъБР-м пIалъэкlэ къэкlуа цIыхухэм профилактикэ лэжьыгъэ зэрырагъэкlуэкlи щыкlэм.

- Зи гугъу тщIыхэм ящыщу, ди республикэм мы зэманым щолажьэ, щоджэ цIыху мини 8-м нэблагъэ. Абыхэм ящыщу 6847-рщ учётым ягъуэвар. Лажьэхэм ящыщу процент 87-р узбек лъэпкым къыхэкlахэрщ. Адрейхэр Таджикистаным, Азербайджаным, Къыргъызым я цIыхухэщ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэм дэт еджапIэ нэхъыщхьэхэм хамэ къэралкъикlа щIалэхэрэ пщащхэу миным нэблагъэ щIэсщ. Абыхэм я нэхъыбапIэр Тыркум, Сирием, Иорданием щыщ адыгэхэщ, - жиIащ КъБР-м къэрал кlуэцI Iуэхуэхэмкlэ и министр **Ромашкин Игорь**.

Транспортым и къэувыIэпIэ нэхъыщхьэхэм, автовокзалхэм террорист щIэпхьаджагъэхэр къыщымыгъэхъуныкlэ республикэм щрагъэкlуэкlэ Iуэхугъуэхэм, зэхъуэкlыныгъэхэм я гугъу ищIащ КъБР-м Транспортымрэ связымкlэ и къэрал комитетым и тхьэмадэ **Къудей Арсен**. Ди къытеувыIащ террорист щIэпхъаджагъэхэр къыщымыгъэхъуным хуэунэтIауэ Тырныауз, Бахъсэн къалэхэм, Налшык и ищхъэрэ, ипщэ пIэныкъуэхэмкlэ щахуэ автовокзалыщIэхэр иджыпей Iэмэпсымэщlэмкlэ къызэрызэгъэпэщам, зи лэжьыгъэр ноби езыхьэкlэхэм ящыщу республикэм и къалащхьэм дэт автовокзал №91-м и пщlантlэр гъущI бжыхькlэ къызэрахухьам, абы дыхьэхэм электроннэ карточкэхэр дяпэкlэ къагъэсэбэпын зэрыхуейм, нэгъуэщlхэми.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Щlыдагъэ, химическэ промышленностым и Iуэхущlапlэхэм къагъэсэбэп Iэмэпсымэхэр къыщIэгъэкlын щIадзэж

Налшык дэт «Машинэ завод» жэуап зэхэгъэщхьэхукlа зыхь зэгухьэныгъэм зэтриухэжащ щIыдагъэ, химическэ, псы насосхэм папщlэ торцовэ уплотненэхэр къыщIэгъэкlыныр. Нобэм ирихьэлIэу а продукцэ лIэужьыгъуэр яIэрыхьащ Москва дэт «Гидромаш» заводым, щIыдагъэм елэжьу Нижнекамск, Уфа щIэ заводхэм, Вьетнам Республикэм.

Апхуэдэу мы продукцэ лIэужьыгъуэр ирагъашэу щIадзэнущ зыхъумэжьныгъэм пыща предприятхэм.

КъБР-м Промышленностымрэ сатумкlэ и министерствэм и пресс-Iуэхущlапlэ.

Тырныауз вольфрам-молибден къыщIэхыпIэм щылэжьэнухэр къэралым и вуз нэхъыфIхэм щрагъэдзэнущ

Сочэ щекlуэкlа урысейпсо инвестицэ зэIущIэшхуэм хиубыдэу ТАСС-м и лэжьакlуэм щепсалъэм апхуэдэу жи-Iащ КъБР-м и Iэтащхьэ Кlуэкlуэ Юрий.

«ДЭ дубзыхуащ Тырныауз къащIэхьапIэр зэтедгъэувэжа нэужь абы щылэжьэнухэр зэрыдгъэхьэзырыну щыкlэр. Абы и лъэныкъуэкlэ иджыпсту допсалъэ мы Iэнатlэм хуэдэхэм щылажьэхэр зыгъэхьэзыр центральнэ вузхэм», - жиIащ Кlуэкlуэ Юрий.

Абы къыхигъэщхьэхукlащ вольфрамымрэ молибденымрэ къыщIэхыпIэр зэтегъэувэжыным мыхьэнэшхуэ зэриIэр. «Вольфрамымрэ молибденымрэ стратегие мыхьэнэ зиIэ сырьещ. Абыхэм я процент 70-р блэкlа илъэсхэм предприятэм къыщыщIихыну щытащ карьер зэIухахэм. Мы щIыпIэр рудакlэ икъукlэ къулейщ икlи предприятэр илъэс 25-кlэ зэблэу къыхэмыкlыу лэжьэфынущ, гъэ къэс тонн мелуаным нэс игъэкъабзэу», - жриIащ абы агентствэм и Лыкlуэм.

Тырныауз вольфрам-молибден къыщIэхыпIэр 1934 гъэм къызэIуахауэ щытащ. Мы руда лIэужьыгъуэм хуэдэу УФ-м къыщахута псоми я процент 37-м нэблагъэр ди деж щылIэщ. 2001 гъэ лъандэрэ къагъэувыIа Iэнатlэр зэтегъэувэжынымкlэ зэхалъхьа проектхэр хагъэхьащ нэгъуэщI къэралхэм къыщащхэухуэм япэхъун продукцэ къалэжьынымкlэ программэхэм ящыщу къэрал дэIепыкъуныгъэ зратыпхъэу ягъэльэгъуахэм. 2016 гъэм и щэкlуэгъуэ мазэм Урысейм и Президент Путин Владимир къэралым и Правительствэм и пщэ ирилъхьащ Тырныауз руда къыщIэхыпIэр зэтегъэувэжынымкlэ проектым къытригъэзэжу хэплъэжыну.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущlапlэ.

Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым къыщалэжь мэкъумэш продукцэм 2017 гъэм процент 1,1-кlэ хэхъуащ икlи ар сом мелард 464-рэ и уасэм нэсащ, Къэбэрдей-Балъкъэрым а бжыгъэр процент 3 щохъу

Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым и мэкъумэш Iэнатlэм нэгъабэ кьилэжьа продукцэр 2016 гъэм елъытауэ процент 1,1-кlэ нэхъыбэщ икlи ар сом мелард 463,6-рэ и уасэ мэхъу, къет къэрал статистикэмкlэ щIыналъэ органым.

ЩIынальэ щхьэхуэхэм а бжыгъэр тIэкlуэкlэ щынэхъ инщ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэш продукцэм процент 3-кlэ хигъэхъуащ.

● Къэрал къулыкъущIапIэхэм

Япэ игъэщыпхъэ къалэнхэр

- Мыбдежым фэрыщlагъ хэтлъхьэу, щхьэтелъащIэу дыщыпсалъэкlэрэ Iуэхур зэрымыкlуэтэнур хэт и дежкlи гурыIуэгъуэу си гугъэщ. Си гугъу тщIы унэтIныныгъэм хуэгъэзауэ, муниципалитетхэм я унафэщlхэм я деж къыщыщlэдзауэ ищхьэкlэ щыIэ къулыкъущIэхэмкlэ щиухьжу, дэтхэнэми хуэфIэкlыр хилъхьалхъащ, - къыхигъэбелджылыкlащ Кlуэкlуэ Юрий.

Къуэшырокъуэ Залым и псалъэм къызэрыхигъэщамкlэ, 2017 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым профилактикэ лэжьыгъэу 722-рэ щрагъэкlуэкlащ. Абыхэм ящыщу 616-р республикэм и хабзэхъумэхэм, нэгъуэщI Iуэхущlапlэхэм я къарукlэ, 106-р федеральнэ мыхьэнэ иIэу зэщIагъэуIуа гупхэм я фIыгъэкlэ. Ди республикэм икlыу Сирием кlуахэм («Исльам къэралыгъуэ» зыфIащам и телъхьэу) я бжыгъэр 120-м нос. Абыхэм ящыщу 50-м, драгъэкlуэкlа зэпсэльэныгъэхэм я фIыгъэкlэ, къарагъэзэжащ.

Цlыухухэм къэралым, республикэм и властхэм дзыхь зэрыхуащIыр къахутэн хьисэпкlэ, 2016 гъэм ирагъэкlуэкlа щIэупщIэныгъэхэм къызэрагъэлъэгъуамкlэ, процент 17-рщ унафэщlхэм ирагъэкlуэкlи лэжьыгъэмкlэ арэзыуэ жызыIар. Ди гуапэ зэрыхъунщи, 2017 гъэм а бжыгъэр процент 35-м нэблэгъащ.

- Щытыкlэр нэхъыфI зэрыхъуар нэрылъагъуми, ди лэжьыгъэр адэкlи къэзылъахъэхэм ящыщщ цыху лъэпощхьэпахэм ядалэжьэфын психологхэр зэрыдимащIэри, хабзэхъумэ Iэнатlэхэм къулыкъу щызыщlэхэм ящыщ я зыныкъуэхэр пхъашэIуэу Iуэхум зэрыбгъэдэлъхьэри, нэгъуэщlхэри, - къыхигъэщащ Къуэшырокъуэ Залым.

Емуз Нинэ зэрыжиIамкlэ, езыр зи пашэ министерствэм ди зэманым гулъытэ хэлъти къа щызыщlхэм ящыщщ, зэ нэхъ мыхъуми «щыуагъэшхуэ» зыIэщlэкlаxэр зыщIэса еджапIэхэм программэ щхьэхуэхэр яхуэзэхъыжьэнри, абыхэмкlэ ядалэжьэнри, нобэрей гъащlэм къиГъэув Iэмалыщlэхэр гъэсэныгъэм къыщигъэсэбэпынри, къэралым къыщыунэхуа «щIалэгъуалэ политикэ» зыфIащa унэтIныныгъэщIэр зи гугъу ящI Iэхум гъунэгъуу «къэшэIэнри».

ЕтIуанэу зэхъыхэм щытепсэлъыхьащ нэгъуэщI къэрал кьикlаxэу КъБР-м пIалъэкlэ къэкlуа цIыхухэм профилактикэ лэжьыгъэ зэрырагъэкlуэкlи щыкlэм.

- Зи гугъу тщIыхэм ящыщу, ди республикэм мы зэманым щолажьэ, щоджэ цIыху мини 8-м нэблагъэ. Абыхэм ящыщу 6847-рщ учётым ягъуэвар. Лажьэхэм ящыщу процент 87-р узбек лъэпкым къыхэкlахэрщ. Адрейхэр Таджикистаным, Азербайджаным, Къыргъызым я цIыхухэщ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэм дэт еджапIэ нэхъыщхьэхэм хамэ къэрал къикlа щIалэхэрэ пщащхэу миным нэблагъэ щIэсщ. Абыхэм я нэхъыбапIэр Тыркум, Сирием, Иорданием щыщ адыгэхэщ, - жиIащ КъБР-м къэрал кlуэцI Iуэхуэхэмкlэ и министр **Ромашкин Игорь**.

Транспортым и къэувыIэпIэ нэхъыщхьэхэм, автовокзалхэм террорист щIэпхъаджагъэхэр къыщымыгъэхъуныкlэ республикэм щрагъэкlуэкlэ Iуэхугъуэхэм, зэхъуэкlыныгъэхэм я гугъу ищIащ КъБР-м Транспортымрэ связымкlэ и къэрал комитетым и тхьэмадэ **Къудей Арсен**. Ди къытеувыIащ террорист щIэпхъаджагъэхэр къыщымыгъэхъуным хуэунэтIауэ Тырныауз, Бахъсэн къалэхэм, Налшык и ищхъэрэ, ипщэ пIэныкъуэхэмкlэ щахуэ автовокзалыщIэхэр иджыпей Iэмэпсымэщlэмкlэ къызэрызэгъэпэщам, зи лэжьыгъэр ноби езыхьэкlэхэм ящыщу республикэм и къалащхьэм дэт автовокзал №91-м и пщlантlэр гъущI бжыхькlэ къызэрахухьам, абы дыхьэхэм электроннэ карточкэхэр дяпэкlэ къагъэсэбэпын зэрыхуейм, нэгъуэщlхэми.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

НОБЭ

♦ЩIэпхъаджагъэ зыкlэлъызэрахьа цIыхухэм защIэгъэкъуэным и дунейпсо махуэщ

♦Мысырым и Зэкъуэтныгъэм и махуэщ

♦Индием Анэм и махуэр щагъэлъапIэ

♦1714 гъэм Санкт-Петербург къыщызэрагъэпэщащ Аптекарскэ хадэр. Иджыпсту ар РАН-м и Ботаническэ хадэрщ.

♦1819 гъэм Флоридэр Испанием къыхэкlри, США-м и штат хъуащ - ар Америкэм доллар мелуанитхукlэ ираща т.

♦1921 гъэм СССР-м и Къэрал планыр къызэрагъэпэщащ.

♦1935 гъэм унафэ къащтащ США-м и президентым и хэщIапIэ Унэ хужьым къухьлъатэхэр щхьэпрылъэтыкlыну зэрыхуимытым теухуауэ.

♦1993 гъэм УФ-м и Президентым егъэщIылIа Президент совет къызэрагъэпэщащ.

♦2014 гъэм Украинэм и Радэ Нэхъыщхьэм унафэ къыщтащ а къэралым и елIанэ президент Янукович Виктор конституцIкlэ и щIэ къыдэхуэ и къалэнхэр зыщыкъэщихьжауэ къэлъытэным теухуауэ.

♦Польшэм щыщ композитор, пианист цIэрыIуэ **Шопен Фредерик** къызэралъхурэ илъэс 206-рэ ирокъу.

♦Дзэ къулыкъущIэ, США-м и япэ президенту щыта **Вашингтон Джордж** къызэралъхурэ илъэс 286-рэ ирокъу.

♦Адыгэ тхакlуэ **Лохвицкий Михаил (Аджыкъу-Джэрий)** къызэралъхурэ илъэс 96-рэ ирокъу.

♦Къэрал къулыкъущIэ, Урысейм и Президентым и лыкlуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIынальэм щыIа, Урысейм и ЛIыхъужь **Казанцев Виктор** и ныбжьыр илъэс 72-рэ ирокъу.

♦Биологие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Щауэ Мухьэмэд** и ныбжьыр илъэс 76-рэ ирокъу.

♦УФ-м щIыхь зиIэ и энергетик, КъБР и къэрал, жылагъуэ лэжьакlуэ **Кебеков Владимир** и ныбжьыр илъэс 72-рэ ирокъу.

♦КъБР-м и Парламентым и депутату щыта, Къэбэрдей-Балъкъэрым мэкъумэш хозяйствэмкlэ щIыхь зиIэ и лэжьакlуэ **Щоджэн Мартин** и ныбжьыр илъэс 64-рэ ирокъу.

♦УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкlэ и Советым и сенатор, КъБР-м и Президенту щыта, экономикэ щIэныгъэхэм я доктор, ЩIДАА-м и академик **Къанокъуэ Арсен** и ныбжьыр илъэс 61-рэ ирокъу.

♦Къэрал, политикэ лэжьакlуэ, КъБР-м и Правительствэм и Унафэщlу лэжьа **Хьэсанэ Руслан** и ныбжьыр илъэс 58-рэ ирокъу.

♦КъБР-м, КъШР-м, Адыгэ Республикэм, Ингушым я цIыхубэ артисткэ **Сокъур Ольгэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦КъБКъМУ-м и ректор, техникэ щIэныгъэхэм я кандидат, доцент **Апажэ Аслъэн** и ныбжьыр илъэс 44-рэ ирокъу.

♦Урысей актрисэ цIэрыIуэ, уэрэджьакlуэ, УФ-м и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфаща **Будинэ Ольгэ** и ныбжьыр илъэс 43-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкlэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты кlыжкlэ, Налшык уфаеу щыщытынущ. Махуэм хуабэр градусиу 3 - 4, жэщым щыIэр 1 градус щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКlЭМЫХУ Маринэщ.**

● Гулъытэ

Нэхъыфlхэр ягъэпажэ

«Дыгъафlэ къалэ» Творчествэмкlэ сабий академием иджыблагъэ щагъэлъэпIащ ди республикэм и студент, аспирант нэхъыфIхэр. Абыхэм ирагъащ Къэжэр Артур, Кавказ Ищхъэрэм и Iэтащхьэм къыбгъэдэкl стипендиехэр зэрыхуагъэувам щыхьэт техуэу тхылъхэр.

ГУФIЭГЪУЭ зэIущIэм кърихьэлIащ КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщl **Къуэдзокъуэ Мухьэмэд**, КъБР-м и Правительствэм и Унафэщlым и къуэдзэ - КъБР-м егъэджэныгъэмкlэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхуэмкlэ и министр **Емуз Нинэ**, абы и къуэдзэ **Къэжэр Артур**, Кавказ Ищхъэрэм Гъуэзджэхэмкlэ и институтым и ректор **Рахаев Анатолий**, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым и проректор **Къудей Руслан** сымэ, нэгъуэщIхэри. Ар къызэIуихащ Емуз Нинэ.

- Хабзэ хъуэрэ, ди щIынальэм и щIалэгъуалэ пэрытхэр илъэс къэс догъэльапIэ КъБР-м и Iэтащхьэм къыбгъэдэкl стипендиехэмкlэ, - жиIащ Емузым. - Мы гъэм зи цIэ къраIуа апхуэдэ ди лъахэгъу ныбжьыщIэ яджэрхэм, ди гуапэ зэрыхъущи, яхэхащ Налшык, Ставрополь, Москва, Санкт-Петербург къалэхэм дэт еджапIэ нэхъыщхьэхэм я студентхэр, аспирантхэр. Ахэр къыхэзыха эксперт гупым фIыщIэ ин яхузощI зэфIаха лэжьыгъэ купщIафIэм папщIэ. Зи цIэр фIыкlэ нобэ къраIуэ ныбжьыщIэхэми сыныбохъуэхъу ехьулIэныгъэ лъагэхэр дяпэкlи зыIэрывгъэхьэну, лъагапIэщIэхэм фынэсыну.

Къэпщытакlуэ гупым зэрагъэбелджыламкlэ, республикэм и столицэ 40-рэ аспиранти 10-рэ яхэхуащ КъБР-м и Iэтащхьэм и стипендие зыхуагъэувахэм. Апхуэдэхэщ, къапщтэмэ, Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ университетым и магистрант, щIэныгъэ лэжьыгъэ 20-м щIигъу зи къэзылыпIам къыпыкlа Нэгъуэй Залинэ, КъБКъУ-м и бакалавр, жылагъуэ псапащIэ Iуэхугъуэ куэдым я жэрдэмщlакlуэ Геккиевэ Дианэ, нэгъуэщIхэри. Абыхэм гуапэу ехъуэхъуащ Къуэдзокъуэ Мухьэмэд, щIыхьэт тхылъхэр щаритыжьым.

- Нобэ дгъэпажэхэр фIыхэм я фIыж ныбжьыщIэхэращ, - къыхигъэщащ абы. - Уплъэщlэмыхьэу зызыужь щIэныгъэмрэ экономикэмрэ зи зэфIэкlхэмкlэ ядахъу фэ, щIалэгъуалэм, сыныбохъуэхъу гъащIэм хуиIэ мурадхэмрэ хуэпсапIэхэмрэ къыбзэхъулIэну, ди республикэм, къэралым я зыужьыныгъэм хуэгъэпса Iуэхугъуэфl куэдкlэ иджыри дывгъэгуфIэну.

Апхуэдэ гулъытэ лъагэ зыхуащIа щIалэгъуалэм я цIэкlэ фIыщIэ псалъэ жиIащ КъБКъУ-м и студент Брофман Марк. Абы къыхигъэщащ къыхуащIа гулъытэм дэтхэнэм и дежкlи мыхьэнэшхуэ зэриIэр, абы Iуэхугъуэщlэхэм зэрытригъэгушхуэр, я мурадыщIэхэмрэ гупсысэщIэхэмрэ Урысей Федерацэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм я ехъулIэныгъэхэм хуэгъэпсауэ зэрыщытыр.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Узэгугъур къогугъуж.

● Узыншагъэ

ІэмалыщІэхэр къагъэсэбэп

КЪБР-м узыншагъэр хъумэныжьмкІэ и министр Хъубий Маратрэ ЩЭджэм щыналъэм и Іэтащхьэ Текіушэ Аруфрэ хэтащ рагъэкІуэдащ щыкІуэжІа зэлъащІэм. 2017 гъэм абы и лэжьыгъэм тепсэлъыхьащ Іуэхущ1апІэм и дохутыр нэхъыщхьэ КІуэкІуэ Еленэ.

РАЙОН сымаджэщым къепхащ амбулаторэу 9, фельдшер-акушер пункту 3, гъэлъапІэу 241-рэ и1эщ, абы щыщу 81-р махуэ стационарым хухэкащ. Іуэхущ1апІэр Іэщ1агъэлІэжьмкІэ къызыхуэтынщэу къызэгъэпэщащ.

Цыхухэм я узыншагъэр къэпщытэнмкІэ я1а къаІэным хъарзынэу екъулІащ. Абы къызэрагъэубыдащ цыху 17772-рэ. 1095-р сымаджэу къахутащ, абыхэм я1ущу 8-м лыпх узыфэхэр я1эу къыщІэкІащ. Лъыр зэрызекІуэм епха, жьэн узыфэхэм, гъэзэгу-транспорт къэхъукъащІэхэм хаха фэбжьхэм и1ыкІхэм, къалъхуагъащІэ сабийуэ дунейм екІуэжэм я бжьыгъэр нэхъ мащІэ хъуащ.

БлэкІа и1ъэсым сымаджэщым и1а екъулІэныгъэ нэхъыщхьэхэм я1ыщ зыщ Яубзыхуа страховой гъэтІылъыгъэм кІыхэкІ мылъкукІэ лапароскопие стойкэхэр къызэращэхуар. Абы и фІыгъэкІэ операцэншэу хирургие Іэмалхэмкіэ сымаджэхэм еІэзэфынущ. А Іэмэпсымэхэмкіэ лэжьэну Іэщ1агъэлІэхэм я Іэзагъэм щыхагъэхъуащ къэралым и клиникэ нэхъыфІхэм. Щэджэм район сымаджэщым зыужьыныгъэ хъарзынэхэр и1эш офтальмологие, технологие унэтІыныгъэхэмкІэ, абы къыхэкІыу щыху кІуэд йокІуалІэ. Хъубий Марат жи1ащ офтальмологиемрэ хирургиемрэ адэкІи зэрыраГъэфІэкІуэным хущІэкъуну, абыкІэ Іуэхущ1апІэм ахъшэ нэхъыбэ къ1упжьыфыну зэрыщытІыр.

Министрым сымаджэщым и ІыдамэІ псори зригъэлъэгъуащ, лэжьакІуэхэм я упщІэхэм жэуап иратащ, я Іэнатіэм я къару емыблэжу зэрыпэрытыр къ1ыгнащ, гупым псалъэ гуапэхэр яжри1ащ, ТекІушэ Артур фІыщІэ хуищІащ Іуэхущ1апІэр и гулъытэ зэрыщимыгъащІэм папщІэ.

КЪБР-м Узыншагъэр хъумэныжьмкІэ и министерствэм и пресс-Іуэхущ1апІэ.

● Пхёнчхан-2018

Дыжьыныфэ щІалэхэр

Корее Ипщэм и Пхёнчхан щІыпІэм щекІуэкІ XXIII ЩІымахуэ Олимп джэгухэм Урысейм щыщ атлетхэм дыгъуасэ медалитІ кьащ1ахьащ - аргуэру жэзрэ дыжьынрэ.

ФРИСТАЙПЛЫМКІЭ цІыхухъухэм я скикросс зэпеуэм екъулІэныгъэ гъэрхэр щыдиІэну фІэщщыІыгъуейт. А спорт лІэужьыгъэущІэм ди къэралым зэрызыщиубГуа щыІэкъым и1и Кореем щекІуэкІ Олимпиадэ хужьым дыдейхэр нэхъыбэу щІагъэкІуар я Іэзагъым хагъэхъуэн папщІащ. Арщхьэкіэ **Ридзик Сергей** зэрыщымыгугъуэу къыщІэкІащ. Канадэм щыщ щІалэм жьэхэуэу кІэух зэпеуэм щыджэла пэтми, абы зыкъыІэтыжри бэнэныгъэм пищащ и1и ещанэу къэсащ. Апхуэдэ щыкІэкІэ, зэи къэмыхъуауэ, Урысейм щыщ атлетым Олимп джэгухэм фристайлым и ски-кроссымкІэ медаль къ1ухащ. Канадэм и1а и хьэрхуэрэгъур къыжьэхэмыуатэмэ, хэт ищІэн, дыщэми лъэІэсыкІэ хъунт.

ЛыжэхэмкІэ зэпеуэм фІы дыдэу зыкъыщагъэлъэгъащ ди цІыхухъухэм. Захъуэжурэ тІурытІ къыщыздэжэ спринтым **Спицов Денисрэ Большунов Александррэ** жэз медалхэр щызыІэрагъэхьащ. А щІалитІым я дежкІэ XXIII ЩІымахуэ Олимп джэгухэм ар щыещанэ екъулІэныгъэщ. Нэхъапэ1уэкІэ абыхэм Пхёнчхан къыщащ1ахьащ щхьэзакъуэ зэпеуэм и жэз медалхэмрэ гуп зэхьэзэхуэм и дыжьынхэмрэ. Аргуэру ет1уанэу дыгъуасэ къэсащ. Корее Ипщэм щызыІэрагъэхьа медалхэм дыжьыныфэ къытрагъэуауэ Спицовымрэ Большуновымрэ Урысей Федерацэм къагъэзэжынущ. Псалъэм къыдэкІуэу къыхэдгъащІынщи, а тІум мы Олимпиадэ хужьым къыщахьащ Урысейм и1а адрей атлетхэм я1ярыхьам хуэдиз.

Корее Ипщэм щекІуэкІ XXIII ЩІымахуэ Олимп джэгухэм иджыри къэс зы дыщэ медаль ди хэкуэгъуэхэм къаІэрыщы1эрымыхьар, дауи, гур хэзыгъахъуэжьым. Арщхьэкіэ а хъуэпсапІэм гъунэгъу дыхуащІащ лъэрыжэкІэ фигурнэу къэжьхыныжьмкІэ цІыхубзхэм дыгъуасэ зэхуаб1а зэпеуэм хэт Загитовэ Алинэрэ Медведевэ Евгениерэ. Программэ кІэщІым къыщахьа балл бжьыгъэмкІэ абыхэм дунейпсо рекорд яГъуащ. Я1ащІыкІэ Медведевэм балл 81,61-рэ къ1ухьри бжьыпІэр иубыдащ. Дакъикъыпщ дэкІри, абы Загитовэр балл 1,31-кІэ щхьэпрыкІыжащ. А тІум зэхьэзэхуэм пашэныгъэр щаубыдащ и1и зэрыхуейуэ зэкагъэува программэм апхуэдэу екІуу пщэдджьыжьи зыкъыщагъэлъагъуэмэ, я1а дыщэр ди Іэрыпльэщ.

Илъэс пщыкІутІ хъуауэ хоккеймкІэ Урысейм и цІыхухъу командэр олимпиадэхэм финал ныкъуэм щынэсыфатэкъым. Дыгъуасэ ар къэхъуащ. Норвегием и хоккеистхэр дыдейхэм къаззэрыпэщІэтыфа щыІэкъым и1и 6:1-уэ зэІуущІэр ихащ. Иджы финалым кІуэн папщІэ Урысей Федерацэм и командэр пщэдей дэджэгунущ США-р 3:2-уэ буллитхэмкІэ хэзыгъэщІа Чехием.

Зэи къэмыхъуауэ ещанэ увыпІэм щІэбэнащ хоккеймкІэ ди цІыхубз гупри. Финляндием и1ахэм ахэр ерыщу я1эпщІэтащ, арщхьэкІэ 2:3-уэ къыхэгъащІэри, медальнэщу къагъэнащ.

XXIII ЩІымахуэ Олимп джэгухэм официальнэу щымыт гуп зэпеуэм Норвегием и спортсменхэм бжьыпІэр зэрыщІыгъщ. Илъэсипл1 и1экІэ Сочэ къыщащхьа медаль бжьыгъэмкІи (26), абыхэм ящыщу дыщэхэмкІи (11) ахэр ефІэкІуащ и1и абдежым къыщыуыбыІэнуи я муращхьым. Дыдейхэр зэкІэ етІощІанэ увыпІэм щытщ.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

XXIII ЩІымахуэ Олимп джэгухэм къыщахьа медалхэр (мазаем и 21-м ирихьэлІэу)				
Къэралыр	**Дыщэу**	**Дыжьыну**	**Жэзу**	**Псори**
1. **Норвегие**	13	11	9	33
2. **Германие**	11	7	5	23
3. **Канадэ**	9	5	8	22
4. Голландие	6	6	4	16
5. США	6	3	6	15
6. Франджы	5	4	5	14
7. Швециие	4	4	0	8
8. Австрие	4	2	4	10
9. Корее	4	2	2	8
10. Японие	3	5	3	11
20 Урысей Федерацэ	**0**	**4**	**9**	**13**

2018 гъэм гъатхэпэм и 18-р

Урысейм и Президентыр щыхах махуэщ

Хэхыныгъэхэм хуагъэхьэзыр

Налшык администрацэм физическэ щэнхабзэмкІэ, спортымрэ щІалэгъуалэ Іуэхуэхэмкіэ и Управленэмрэ республикэм и автогъуэгу колледжымрэ зэгъусэу ирагъэкІуэкІащ «Сэ сыхэхакІуэщ» зыфІащащ викторинэ.

МАЗЭРЭ ныкъуэрэ дэкІмэ екІуэкІыну Іэ-Іэтым я1эу хэтыну еджакІуэхэр гупищу гуэщауэ зэпеуащ. НыбжьыщІэхэм жэуап иратащ хэзыньгъэхэм екъэлІа упщІэ 15-м. ИужькІэ гупхэм я унафэщІхэм къэпщытакІуэ1эхэм я пащхьэм щагъэлъэгъуащ Іэлэтым папщІэ езыхэм я гъэхьэзыра дамыгъэхэр. Зэхьэзэхуэм хэтахэм апхуэдэу я гъэлъэгъуащ хэхыныгъэмкІэ хабззэм теухуауэ я6гъэдэлъ щІэныгъэр здынэсыр.

Зэпеуэ гупхэм сыт и лъэныкъуэкІи щІэныгъэ хъарзынэ къагъэлъэгъуащ, абыхэм къаІэ администрацэм и щІыхь тхылъхэр иратащ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Зэ1уущІэхэр

ЦІыхухэмрэ Іуэхухэмрэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэш Іэнатіэм къитащ щІыналъэм и хэхъуэ псоми я Іыхьэ щанэр

КЪБР-м Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм и коллегием и зэІуущІэм щызэхалъхьэжащ блэкІа илъэсым зэфІагъэкІаХэр иКІи щафэбзыхуащ 2018 гъэм къапэщытхэр.

Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1ым и я1пэ къуэдзэ - мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министр **Говоров Сергей** зэрыжи1амкІэ, 2017 гъэм ди лъахэм псори зэхэту мэкъумэшхэкІыу, Іэщ1экІыу къыщалэжьащ сом мелард 46-рэ мелуан 200-рэ я уасэ - нэгъабэ елъытауэ проценти 3-кІэ нэхъыбэ.

- КЪБР-м и дэтхэнэ цІыхуми хуэззу Іэнатіэм къыщалэжащ сом мин 53-рэ 300-рэ, - кІыхьи гъэщхьэхуэкІащ къэпсалъэм. - А бжьыгъэр Кавказ Ищхьэрэ щІыналъэ округым зэрыщІихъур сом мин 37-рэщ, Урысей псом - сом мин 38-рэ 500-рэщ.

Мыри диГу фІы къэзыщІщ: 2017 гъэм зы мэкъумэш щІапІэ гектарым ику иту сом мин 73-рэ 600-рэ я уасэ продукцІэ къыщрахьэлІащ. Зэвгъапщэт: а бжьыгъэр УФ-м сом мин 28-рэ 500-м, КИФЩІ-м - сом мин 32-рэ 100-м щыщІигъуркъым.

Мэкъумэш Іэнатіэм Іуэхуэр зэрыщекІуэкІым и гугъу щІыщІым, къулыкъущІэм кІыхьи6леджьлыкІащ иужь и1ъэситІым республикэм гъэ кІэс гъавэ тонн мелуаным щІигъу къызэрыщрахьэлІэр. 2017 гъэм мылькум и теплъэ псоми мэкъумэшхэкІ зэмылІэужьыгъуэу тонн мелуанрэ мини 168-рэ къыщІтрахащ. Абы щІигъуэми, Къэбэрдей-Балъкъэрым гъавэ щапІэу и1эр зэрыхъур гектар мин 280-м щІигъуркъым.

Министрым и псалъэхэм я1епщІыхьмэ, республикэм и дежкІэ нэхъ мыхьэнэшхуэ и1эщ пхъэщхьэмыщхьэмрэ хадзэкІэхэмрэ, апхуэдэу нартыху жылатхэ къкъэлІэныным.

- Нэгъабэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и жыгхэм ябгъэпачащ пхъэщхьэмыщхьэ тонн мини 190-м щІигъу е и1э и1ъэсым елъытауэ процент 40,8-кІэ нэхъыбэ, - кІихьащ къэпсалъэм щапхъэхэр. - Мы Іэнатіэм ди зэфІэкІхэм зэрызыщІэтым ар Іупщу щыхьэт тохъуэ.

- 2018 гъэм щІышылъэм и 1-м ирихьэлІэу КЪБР-м жыг хадзэху гектар мин 17-рэ 950-рэ и1ащ, абыхэм я зэхуэдитІыр псынщІэу бэвагъышхуэ къ1эхтхэщ, - пищащ министрым. - Нэгъабэ и закъуэ жыгхэр гектар 1700-м щагъэтІысащ, планкІэ къапэщыта гектар 1100-м и пІэкІэ. Мурадыр зыхуэгъэзар 2020 гъэм жыг хадзэр псори зэхэту гектар мин 20-м нэгъэсынырщ. И1анэ зы илъэсым пхъэщхьэмыщхьэу къетхьэлІэр тонн мин 400-м щІедгъэгъуфынущ, абы и фІыгъэкІи къуажэ щІыпІэхэм лэжьапІэ Іэнатіэхэу мини 10-м щІигъу къыщІызэІутхыфынущ.

Апхуэдэу къыхигъэщхьэхуакІащ жыгхэр хэсэн и лъэныкъуэкІэ Къэбэрдей-Балъкъэрыр УФ-м и щІыналъэ псоми я1э зэриты6р.

КЪБР-м е6ым зыкъызэригъэпэщыжьхэ хъуащ хадзэхэкІэмкІи. 2017 гъэм республикэм хадзэкІ зэмылІэужьыгъуэу тонн мин 510-м щІигъу къыщрахьэлІащ - и пэ ита илъэсым нэхърэ проценти 6,4-кІэ нэхъыбэ. Ику иту зы гектарым къытрахащ центнер 260,9-рэ. Ар 2016 гъэм елъытауэ центнер 49,2-кІэ нэхъыбэщ. 2017 гъэм хадзэхэкІыу тонн мин 200-м нэблагъэм ди щІыналъэм и Іуэхущ1апІэхэм щелэжьащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым блэкІа илъэсым жылапхъэ гъэкІын и лъэныкъуэкІи и Іуэху Іеякъым. Абы УФ-м и щІыналъэхэм, къэралыр гъунэгъуэм апхуэдэ продукцІэу тонн мин 13,5-рэ яхуиутІыпщащ.

Іэщ1ущхьэкІэ Іэнатіэм 2017 гъэм зиужьащ. ЛымкІи гъэшымкІи е6ым зыкъызэрызэригъэпэщыжьым къыдэкІуэу, абы ахэр яхуреГашэ Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым къыдыхэтхэм.

- А псори къыдэхъущІащ къэралым ди Іэнатіэ зэмылІэужьыгъуэхэр быдэу къызэрыдиІыгъам и фІыгъэкІэ, - къыхигъэщхьэхуакІащ Говоровым. - КЪБР-м и Правительствэмрэ УФ-м Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэмрэ зэращІыпІэ зэгурыІуэныгъэ 11-м я1пкъ иткІэ мэкъумэшхэщІэхэр Іэщ1ыкъуэхэмрэ кІахуэкІуащ псори зэхэту см елардэрэ мелуан 980-рэ.

Зэ1уущІэм къыщыпсэлъащ Іэщ1агъэлІэхэр, районым и лЫкІуэхэр, нэгъуэщІхэр. Ахэр я щхьэфэ и1абащ зэфІагъэкІын хуейуэ къапэщыт Іуэхуэхуэхэм.

АПК-м и лэжьакІуэ гупышхуэм УФ-мрэ КЪБР-мрэ мэкъумэш хозяйствэмкІэ я министерствэхэм я щІыхь тхылъхэр иратащ.

Коллегием и зэІуущІэм хэтащ республикэм и Іэтащхьэм и чэнджэщІагъэ **Уянаевэ Іэминат**, КЪБР-м и Парламентым Мэкъумэш политикэмкІэ, экологиемкІэ, щыІэупсыр къэгъэсэбэпыныжьмрэ щІы зэхущытыкІэхэмкІэ и комитетым и унафэщІ **Мокаев Кемал**, КЪБР-м Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм и Жылагъуэ советым и унафэщІ **Нэхущ Заурбий** сымэ.

ДЫГЪУЖЬЫКЪУЕЙ Борис.

● Мазаем и 23-р Хэкум и хъумакІуэн и махуэщ

Псори дызыхущІэкъуар зыщ

Псом я1пэ жысІэнуращи, адыгэбзэкІэ къыдэкІ газет закъуэр - «Адыгэ псалъэр» - пщІэ зыхуэсщІ, фІыуэ слъагъуэ къыдэкІыгъуэхэм ящыщщ. СфІэфІщ ди бзэмкІэ тха тхылъхэми седжэн, лъэпкъ радиоми телевиденэми къущыщ1эрагъэпэщ адыгэ нэтынхэм седэІуэн, сеплъын. «Адыгэ псалъэм» и1экІи тетащ си гъащІэ гъуэгуанэм щыщ гукъэкІыжхэр. Къапщтэмэ, иужьрейр теухуауэ щытащ 1952 - 1955 гъэхэм, дзэ къулыкъур есхьэкІыу советыдзэм сыщыхэта зэманым, къэсщІыхуу илъэс 65-м нэскІэ ныбжьэгъу пэжу сиІа Наурыз Хъэтхэз (и ахърэтыр нэху ухъу)...

НОБЭ къаІэмыр къыщІэсщтари си гукъэкІыжщ. Ар епхащ Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм совет щІыкІубзм ятелъа бэлыхьэм, я1эшча гугъуехьэхэм. Я5ралым и цІыху мелуанхэм, унагъуэ минищэхэм хуэдэу, ди унагъуэри гугъу ехьащ а мафІае илъэсхэм. Фронтым кІуахэри абы и щІыбагъ къыдэтахэри - псори дызыхущІэкъуар зыщ: ди Хэкур бийм щыхъумэн, щхьэж хуэзфІэкІымкІэ къ1ымыкІуэту ТекІушэныгъэм хуэлэжьэн.

... Хэку зауэшхуэр къыщыхъея илъэсым си ныбжьыр илъэсиплІ и щІигъуагъэтІ. Абы и пэжыпІэр щІэзмыщІэм щхьэусыгъуэ и1эщ: си паспортым зэрытымкІэ, 1932 гъэм сыкъалъхуащ, арщхьэкІэ, ди адэм жи1эжу зэрыщытам тепщІыхьмэ, 1929 гъэм и бжьыхьэм дунейм сыкъытехьащ. Зауэм щыщІдза дыдэм щыгъэз, ди унагъуэм щыщ щыхъухэу куэд занщІэу фронтым Іухьауэ щытат. И ныбжьыр хэкІуэтауэ къалъытэри, ди адэр зауэм ираджатэжьым, къуажэм щызэхэт хозяйствэм щыщыІэ Іэхуэхэр зэфІэзыхэм жьыджэру яхэтт, фронтым хуэлажьэу. И бынунагъэшхуэр зыхуэй зэрыхуиГэзэным, къинэмыщІауэ, зи адэжэр зыщхьэщыкІа адрей унагъуэхэми сэбэп зэрахэуэхъунми пылъ. Ди адэ Шухьибрэ ди анэ Іэминатрэ жьлэм пщІэ зыхуащІу дэсахэм ящыщащ. Абыхэм дакъыщІэхуащ быних: Чэзибэт, Чэржымэт, Адэлбий, Сэлдин (сэ), Бабусэ, Амлихъан сымэ (зэрыбыным тщыщу дунейм тетыжьыр сэ зыраци, сэпэ ищ си адэ-анэм, ыщІэдалъхуахэм сахуолъаІуэ я ахърэтыр нэху хъуну). Дэ къытхэтт зэтралъхуаи илъэс бжьыгъэ куэд зи зэхуакуи. Къапщтэмэ, Чэржымэтрэ Адэлбийрэ илъэс зэкІэлъхьэужьитІым кьалъхуауэ жа1эжырт, сэрэ къыскІэлъыкІуэ си щыпхъу нэхъыщІэ Бабусэрэ илъэс зыхьблым щІигъу ди зэхуакут. А сабийр иджыри цІыкІуу ди анэр колхоз хьэмым пэжьакІуэ дашыжатэ, сэ сощІэж Бабусэ пхъэ гу цІыкІум из-гъэтІысхьэурэ ди анэм дежь быдзафэ сшэуэ зэрыщытар. Ар си къалэнти, махуэ хэсэ апхуэдэу зэ-тІэу сабийм «и нэгу зезгъэужьыр».

Сытми, нэмыцэхэр ди щІыналъэм къыщыса 1942 гъэм и щыщхьэуІу мазэр фІы дыдэу сощІэж. Бийр Новоивановскэ жьлэм къэсакІэт. Нэмыцэхэр щитІысыкІа щІыпІэр ди Къэхъуэн къуажэм пэжьыжьэн километр зыхьблым щІигъкІэ. Бийм пэщІыдзэну хьэзыру ди къуажэм дэст Дзэ Плъыжьым и зауэлІхэр. Ди щколри уІэгъэщ ящІауэ, фронтым фэбжь щызыІгъуэтахэм щІэзэрт.

Нэмыцэ къъухьлъатэхэр ди къуажэм щІэхщІэхыурэ къыщхьэщыхьэрт, ди дзэхэм я тІасхъэхэр къахутэн мурадкІэ. Апхуэдэ жэщ тІасхъэщІэххэм деж, бийр топкІэ къытхэуэрти, гуэзвэгъуэмрэ гужьеигъуэмрэ жьлэдэсхэр дыхидэрт. Ди зауэлІхэри абыхэм зенитркІэ яхэуэжырт, къыщІрадыхуи щыІэу. А зэхуэхэм деж цІыхухэм щыныхэм зыща гъэпщкІурт. Фронтыр гъунэгъу къыщыхъым, ди хадапхэм ди адэм щыІунэшхуэ къыщитІат, ди унагъуэри гъунэгъуэри щІэхэм хуэдэу. Зэгъэрым, «КІэдыкІуакъуэкІэ» дыззджэ къхъухьатэхэм я ву макъыр зэхэтхати, унэм щІэсыр дызэрыІэтри, хадэм ит щІыунэмкІэ дызэрыкьащ. Абы къыхуэжэрт ди гъунэгъухэри. Ди адэм, зэрихабзэти, псори дыкъыщІигъэкІырти, езыри къытКІэлъыкІуэжырт, ауз щыхъуКІи, езыр зэи щІыунэм ихьэргэжьым, псори дыкъихъуМэ пэлъытэу, къытщхьэщытт. Ди анэр апхуэдэхэм деж гуэзасэрт. «Уа, шэ щыва къыптехуэнурэ, дыбгъунэхъуну мыгъуащ», - жи1эурэ гъырт, лъаІуэрт. АрщхьэкІэ ди адэм и жэуапыр зыт: «Алыхьым и щІагъ ущІэкІыу дэнэ укІуэну? Дыкъихъумэнумэ, хуитщ».

Ди унагъуэм щІэсу балигъэпІэ иува псори лэжьакІуэт а зэманым. Ди адэр шыгу ису губГуэм итт, гъавэр Іухьижьым елэжьэм я гъусэу. Си къуэш нэхъыжьмрэ сэрэ абы дригъусэт. А илъэсым колхозым сэхурант нэхьыбэу трисари, жьпІэнурамэ, бэгъуат. Сэхураращхьэ хьэлъэхэр хъришэхыжауэ пкъым ерагъыу и1ыгъыу арат. Ар Іухьижьм ямыухуу нэмыцэхэр гъунэгъу къэхъуати, колхозым техникэу и1ахэр Орджоникидзе (иджы Владикавказ) лъэныкъуэкІэ яхуат. Абы къыхэкІыу лэжьыгъэ псори Іэкіэ, гъубжэкІэ зэфІэтхыу арат.

Пщэдджьыжьым жьыуэ дихьэрт губгъуэм, сэхуран цІыкІуэр я гъуэмбхэм къимыхуу уэсэпсым щызэтриІыгъэм ирихьэлІэу. Сэ си къалэныратти, цІыхубзхэм къыпаупщІ сэхураращхьэхэр шыгумкІэ губгъуэм къыхэсшырти, ахэр хьэмым щикъухьырт. Дыгъэр къызэщІэпІъэурэ къыдэкІуэтэйрти, щэджагъуэм вэржьэру уафэгъуэм къытІысхьэрт. Щэджагъуашхэ хьэмым дытехьэжа нэужь, псынщІэу дезакъэрти, ди адэм къалэныщІэм дыбгъэдигъэувэрт. Дыгъэ пщтырым игъэгъуща сэхуранащхьэ самэхэр зэбгрыт-тхъун хуейт. Ар дэ тщІэху, хьэщэпэцэр зэрапІуэу щыта щхьэІуэ мывэхэр (быргуэ-быргуэт абы зэреджэр) гуэн и пІэкІэ щыхэм папщІэрти, абыхэмкІэ тІуэрт сэхуранащхьэхэр.

Кьуажэм дэс адрей бзылъхугъэ балигъэхэм хуэдэу, колхоз лэжьыгъэм къыщыдэхуэм дежи ди анэмрэ си щыпхъу нэхъыжьитІымрэ цы пІэпэд, Іэлъэ хуабжэр ящІырт фронтым Іут зауэлІхэм папщІэ. Ди анэм цыр ипщІырт, иджырт. Абы игъэхьэзыра щы Іуданэхэр къэпшып эмылІэужьыгъуэу зэрахъэрт Чэзибэтрэ Чэржымэтрэ. Псапэ и1ан зыпылъ а Іуэхущхьуэми яхуэзэфІэкІ халъхьащ ди унагъуэм исхэми.

Нэмыцэхэр ди щІыналъэм ирахужа нэужь, пхъэІэщэм жэм щІэщІауэ колхоз губгъуэр зывахэм сахэтащ. Си Іэпкъльэпкъыр иджыри зэрыуБыдыщащуэ щымытми, сэ сыхущІэкъурт цІыхухъу балигъхэм закъыкІэрызмыгъэхуэ ди гъэхуэ зэрызгъэзэщІэным. Ауэрэ гъащІэр зэтеувэжри, еджэнми пытщэжащ. Курыт школыр къэзухри армэм сыдащащ. Авиацэм епха дзэхэм сыхуэхати, къулыкъуэ есхьэкІащ илъэси 3-рэ мази 6-кІэ. Иужькіэ сыщалъхуа жьлэм къэзгъэзэжри, абы щызэхэт хозяйствэм и Іэнатіэ зэмылІэужьыгъуэхэм сыпэрытащ. Псори зэхэту илъэс 40-м щІигъкІэ сыщылэжьащ къуажэм. Си лэжьыгъэм кьыпэкІуэу къысхуагъэфащаxэм ящыщщ «Ударник коммунистического труда», «Ветеран труда» дамыгъэхэр. Къыщынэмыщ1ауэ, къызэтащ «За доблестный труд в Великой Отечественной войне 1941 - 1945 г.г.» медалыр, ТекІуэныгъэ Иным и юбилейхэм ирихьэлІэу къыдагъэкІа нэгъуэщІ медалхэр, щыхь, фІыщІэ тхылъхэр.

Апхуэдэ лъэхъэнэ гугъум дыпхыкІащ Хэку зауэшхуэм и илъэсхэмрэ абы къыкІэлъыкІуа зэман хьэлъэмрэ зи сабиигъуэр, балигъ хъугъуэр хиубыда псори, нэхъыжьхэм я гугъу умыщІыххэми. Іэщэ тІыгъыу фронтым дыЩымытыфами, дэри дащІалъхуа щІыналъэр тхъумащ, зауэ Іэнатіэ гугъур езыхьэкІхэм щІэгъэкъуэн дазэрыхуэзыуным, тлъэкІмкІэ сэбэп дыззэрыхъуным дыхущІэкъуу.

Иджырей щІалэгъуалэм щапхъэ яхурырехъу Хэкур щытыкІэ гугъум щихуа а лъэхъэнэхэм я5ралым и цІыхубзм кьакъуэкІа лІыгъэр, хахуагъэр, бэшэчагъыр, зэпІэззэрытыгъэр. Аращ хэкупсэ зэхъуэтыныгъэ жьхуаІэр. Республикэм и лъэпкъэр дызэкъуэтмэ, зэгурыІуэ ди зэхуаку дэлъмэ, дыщалъхуа щІыналъэр сыт хуэдэ щытыкІэ гугъум ихуэмы, абы дыкъызэрикІыфыж акъыпи къаруи къыщІэдгъэтыныщ. Ахэращ зыщІэпІыкІын хуейр къытщІэхъуэ щІэблэхэри.

ТХЪУЭСТ Сэлэдин,
лэжьыгъэм и ветеран.
Къэхъун къуажэ.

Фэеплъым удз гъэгъахэр тралъхьэ

● Пэкіу

Советыдзэхэр Афганистаным къызэрыпыжьыр мазаем и 15-м илъэс 29-рэ ирикъуащ. А махуэм Бахъсэн къалэ, зауэлІинтернационалистхэм я фэеплъым деж, щекІуэкІудахэм я фэеплъ махуэм теухуа пэкІу.

ПІыгъэ зыгъэльэгъуа ди щІалэхэм пщІэ хуащІыну къызэхуэсат Бахъсэн къалэ администрацэм, жьлагъуэ зэгуэныгъэхэм я ліыкІуэхэр, ветеранхэр, къэзымыгъэзэжа зауэлІхэм я Іыхьлыхэр, егъэджакІуэхэмрэ еджакІуэхэмрэ.

ПэкІУР къызэІуихащ Бахъсэн къалэм и щІыпІэ администрацэм и унафэщІм и я1э къуэдзэ **Къардэн ФатІимэ**: «Дэ сыт щыгъуи ди гум ильынущ Афганистаным щыхэкІуэда ди лъахэгъуэхэр. ЦІыхур псэущ, ар ящымыгъупщэху. А зауэм къыхэкІыжьыну зи насып къихьаxэм фІыщІэ фхузощІ ди къэралым фызэрыхуэпэжам папщІэ», - жи1ащ абы.

Депутатхэм я Бахъсэн район Советым и Іэтащхьэм и къуэдзэ **Ахъуебэч Андзор** Афганистаным щекІуэкІа зауэм хэтахэм фІыщІэ яхуищІащ къагъэлъэгъуа лІыгъэмрэ хахуагъэмрэ папщІэ, щалэгъуалэр хэкупсэу гъэсэныжьмкІэ гъащІэр щызыта адэшхуэхэм я Іуэхум пщІэ я1эу пызыщащІэ. «Гугъущ а махуэр уигу къэбгъэкІыжьну, а зауэ гущІэгъунщэм къызыщІэдзэмрэ хабзэхъуэм ІэнатІэхэмрэ я ветеранхэмрэ пенсионерхэмрэ я советым, нэхъыжьхэм къабгъэдэкІыу къапсэльащ а зэгуэныгъэм и тхъумадэ **Абазэ Хъусен**.

ПэкІум хэтахэм захуигъэзащ БкБР-м и Дзэ комиссариатым Бахъсэн къалэмкІэ, Бахъсэн, Дзэлыкъуэ районхэмкІэ я къудамэм и унафэщІ **Сосналы Мухьэмэд**.

- Нобэ дэ дыщызэхуэсащ Бахъсэн районым щыщу хэкІуэда зауэлІ-интернационалистхэм я щІыхькІэ я5эуэва фэеплъым деж. Дэ иджыпсту къытхэтщ къэралым и Іунапкъэр, мамырыгъэр хъумэныжьмкІэ я къалэнхэр пщІэрэ щІыхьрэ пылъу зыгъэзащІу абы щыгъуэм къэкІуэжа ди щІалэхэри. Ину пщІэ фхузощІ, фэ сыт щыгъуи лІыгъэ зыхэлъ щІыхуу, Хэкум хуэпэжыным и щапхъэу фыкъонэжри, - жи1ащ Сосналым.

Афганистаным и ветеранхэм я Бахъсэн центрым и тхъэмадэ Шыбзыхьуэ Іэнюб щІалэ хэкІуэдахэр зэращыжьугъупщэм папщІэ къызэкуэсахэм фІыщІэ яхуищІащ.

Зауэм теухуа усэхэм кьеджащ Бахъсэн къалэм дэт курыт еджапІэ №3-м и гъэсэнхэр, Щоджэнщ1ыкІу Алий и цІэр зезыхьэ Щэнхабзэмкіэ уардэунэм и уэрэджьыІакІуэ Мэрэшэнкъуэ Резуанрэ Кьунаш Рэмэзанрэ яГъэззащ уэрэдхэр псэкІэ зыхэзымыщІа къэнакъым.

Пэкіум хэтахэр зи къалэн зыгъэзащІэу хэкІуэда зауэлІхэм папщІэ дакъикъэкІэ щымри, я фэеплъым удз гъэгъахэр тралъхьащ.

ДЫГУЛЫБГЪУ Женя.



Кая Ялчын и «Шэрджэсхэр»



Тырку тхакІуэ Кая Ялчын и тхылъ телъыджэу «Шэрджэсхэр» зи фІэщыгъэр 2015 гъэм Истамбыл дунейм къыззыщытехьам и хъыбар «Адыгэ псалъэ» газетым нэхъапэІуэ тетащ. Иджы а тхылъ купщІафІэм нэхъ гъунэгъуу щыгъуазэ фыкъэутщІыну дыхуеиІ.

АДЫГЭМ ятеухуауэ иджыри къэс апхуэдизэ зи инагъ тхылъ зыми итхакъым. Томищу къыдагъэкІа тхылъыр напэкІуэцІ 1744-рэ мэхъу. ЛъэпкъкІэ тыркуу щыт тхакІуэм адыгэм апхуэдиз пщІэрэ гулъытэрэ къытхуищІу зэрелІэлІар, ар зи инагъ тхылъышхуэ дэ ттеухуауэ зэритхар гъэщІэгъуэныщэщ, фЫщІи хуэфащэщ. Абы къегъэлъагъуэ адыгэм апхуэдиз мыгъуагъэ ишэчэ пэтми, ар дунейм зеиншэ дыдэу зэрытемытыр, ныбжьэгъу зэриІэр, пэжыгъэм, захуагъэм телъхьэ хуэхъун, гуаузэр зыхэзыщІэн цІыху куэд лъэпкъ зэмылІэужьыгъуэхэм ящыщу дунейм зэрытетыр, гува-щІохами адыгэм и гуаузэр цІыхухэм къагурыІуэнкІэ, зыхащІэнкІэ зэрыхъунур.

Кая Ялчын и гугъу тщІымэ, къыззрыщІэкІымкІэ, ар ялъ дыдэ дзэпщ (офицер) къыщІэзыгъэкІ еджапІэм щІагъэтІысхьат. Жэщи махуи къыдамыгъэкІыу щІагъэт абы еджакІуэхэр. Истамбыл щыщхэр е абы благъэ щызиІэхэр щэбэт - тхъэмахуэ хуэдэ зыгъэпсэхугъуэхэм къаутІыпщырт. Ялчын и унагъуэр Истамбыл дэстэкъыми, здэщыІэр лъэхъуэщ хуэдэу къыщигъэхъурт адыгэ унагъуэм екІуалІэрт, и щыгъын щызэблихъурт, и нэгу зригъэужьырти, и еджапІэ пщІантІэм дыхьэжьрт. ИльэсищкІэ апхуэдэу екІуэкІащ. Адыгэ унагъуэм щІалэр «зэрырагъэблэгъар» зы фЫщІэмэ, емызэшу, гугъуехьу къащымыхъуу ильэсищкІэ апхуэдэу абы зэрыбгъэдэтар нэгъуэщІ зы фЫщІэу убж хъунущ. А унагъуэм щилъэгъуа адыгагъэр, цІыхугъэр, щІыхь зэрызэхуащІыр щІалэм фІэгъэщІэгъуэныщэ хъуащ, дахащэу зыхищІащ. А ильэгъуа фЫгъэ-дахагъыр, ар зыбгъэдэлъ лъэпкъыр цІыхухэм яригъэщІэну къалэн зыщищІащ. Ар и мураду, ялъ-раауэ, езым псори нэхъ куууэ зригъэщІэн папщІэ, адыгэм теухуауэ тыркубзэкІэ къыдэкІа тхылъхэм, тхыгъэхэм еджэу щІидзащ, и нэгу щІэкІахэри итхыжащ.

«Шэрджэсхэр» жыхуиІэ тхылъым и ялъ томыр адыгэ-шэрджэс лъэпкъхэм я тхыдэжь дыдэм, я лъапсэм, я къежьапІэм, мифологием, хабзэм, Іэщэ-фащэхэм, пшынальэхэм, къафахэм, шхынагъуэхэм, н.кь. ятеухуащ.

ЕтІуанэ томыр зэрыщыту Урысеймрэ Кавказымрэ я зэхущытыкІэхэм, зэпэщІэувэныгъэхэм икІи иужьрей Урыс-Кавказ зауэжьым я тхыдэщ.

Ещанэ томыр теухуащ лъапсэрыхьым, адыгэр хэкужьым зэрырахуам, хэхэс гъуэгуанэм, здагъэтІысха щыпІэхэм, зэрагъэтІыса щыкІэхэм, хэхэс гъащІэм къыщежьулІахэм, и нэгу щыщІэкІахэм, н.къ.

Езы тхакІуэми къызэрыхигъащащи, адыгэ Іуэхум фІыуэ щыгъуазэхэм щІэуэ яжриІэн щІагъуэ щІакъым мы тхылъым, ящІэхэр ягу къигъэкІыжу аращ, ауэ адыгэхэр зымыщІыхухэм, ззэзыгъэщІыхуну хуейхэм куэд щызрагъэщІэфынчущ.

ЖыпІэ хъунущ, мы тхылъыр итхын папщІэ, адыгэм теухуауэ Тыркум къыщыдэкІа тхылъ псори Кая Ялчын мыщхьэхыу щІиджыкІауэ, къигъэсэбэпауэ, а Іуэхум илъэс куэдкІэ елэжьауэ, елІэлІауэ. Абы къыщымынэу, щІэнтхыгъэ (щІэныгъэ тхыгъэ) куэди щІиджыкІащ, инджылызыбзэкІэ, франджыбзэкІэ къыдэкІа тхылъ куэдми хэплъащ тхакІуэр.

Мыри щІэгъэтхъауэрэ къыхэгъэщыпхъэщ: Кая Ялчын абы щелэжьым щыгъуэ ахъшэ къезытын гуэркэр щыІами, зыми зыри къыІихакъым.

Мы тхылъ хъарзынэм сызригъэгупсыса нэгъуэщІ зы ІуэхугъуэкІи сывдэгъэшэну сыхуейщ. Сыту пІэрэ дэ ди адыгэ тхыдэджхэр зэдэлажьэу, псори къызэщІиубыдэу зы тхыдэ тхылъ телъыджэ адыгэбзэкІэ щІамытхыр?! Зэхэсх хуэдащ «ахъшэ иратмэ ятхынт», жаІэу. Ди жагъуэ зэрыхъущи, «мылъкум и пэ - напэ» жызыІэу щыта ди адыгэ лъэпкъым дыхуэдажькъым. Еджари емыджари «мылъку напэ» дыхъуауэ аращ нэхъ тепщэу къэлъагъуэ теплъэмкІэ. Псори нэхъ унэфІ щІэсыну, нэхъ машинэфІ исыну, нэхъыфІу псэуну араща зыхуущІэкъур. Пэжщ, нэхъыфІу псэуным ухущІэкъуныр емыкІукъым, ауэ емыкІур, абы фІэкІа ухущІэмыкъуныр аращ. Гущэ хэлъауэ бэным дамылъхьэжьи щыІэкъым. Фы дыдэу псэури мыпсэуфри, пІалъэр къэсмэ, дунейм токІыж, фЫыгъуэу къилэжьаІамэ здэхьижри, Тхьэм и пащхьэ йохьэж, лъэпкъым, щІыхубэм я гум къыззэринэжри а фЫыгъуэ къилэжьамкІэщ. Псалъэм папщІэ, Нэгумэ Шорэ, ПащІэ Бэчмырэ, Щоджэнцыкіу Алий, Къэзанокъуэ Жэбагъы сымэ щапхъэу къэтщтэнщи, ахэр дзгъуащэу псэуа лъэнкъым, ауэ лъэпкъым хуатхамкІэ, хуащІамкІэ нобэми я псэр ди псэм хэлъу, ди гум илъу къыддопсэу. Абыхэм ядэплъеин щІэныгъэрылажьэ, щІэблэ лъэпкъыпсэ Тхьэм къыдит.

Иджыри дызытеукІыитыхьын зы Іуэхугъуэ и гугъу фхуэсщІынущ, Кая Ялчын зэуэ гу лъитэри ди нэм къыщІиІуауэ. Адыгэ лъэпкъым ди лъэпкъыцІэ къудейр зэрыттхынумкІи дызэгурыІуэркъым.

Латин тхэпкъ щызэрахьэ Тыркум ди адыгэхэм «адыгэ» псалъэ закъуэм тхыкІэ зэхуэмыдэ 18-м нэс зэрыщІэр дауэ хъыфщыхъурэ? Ди жагъуэ зэрыхъущи, Тыркум ди анэдэлъхубзэр къыщыдзэтезыгъэнэн Іуэхушхуэ зэрахуэри, бзэ зыщІэхэм кирилл адыгэ тхэпкъыльэхэмкІэ тхэкІэ-еджакІэ ирагъэщІэным елІалІащэуи пхужьыІэркъым. Дауи, ди цІыхухэм я анэдэлъхубзэр ящымыгъупщэжыныр, гъащІэм щызэрахьэныр, адыгэбзэкІэ псэльэфу хэкум къкІуэжьныр аращ нэхъыщхьэр, абы щыгъуэ бзэр зыщІэхэм тхэкІэ-еджакІэ ебгъащІэжьынри, езыхэм зрагъэщІэжьнри гугъущэ хъунукъым, ауэ бзэр зыІэпыхуам кьеГъэщтэжьигъуафІэкъым. Ди жагъуэ зэрыхъущи, Тыркум щыпсэу ди къуэшхэм я Іыхьэ пІланищым нэхъыбэм я анэдэлъхубзэр яІэпыхупащ икІи ящІэжьркъым.

Нэхъ ди жагъуэж зэрыхъущи, Хэкужьми апхуэдэ Іуэхугъуэ щыдимыІэу тхужьыІэркъым. Кирилл тхэпкъыльэм тещІыхьарэ пэт, Адыгеймрэ Къэбэрдеймрэ ди тхэкІэр иджыри кьэс зы тхуэщІакъым.

Мис апхуэдэ упщІэхэр, ди Іуэхугъуэ зэфІэдмыхьфахэр дигу кьеГъэкІыж «Шэрджэсхэр» тхылъ телъыджэм.

ХЪУАЖЬ Фахьри.

Ислъамым и нур

Зыгъэхьэзырар **ЖЫЛОКЪУЭ Лусаннэщ**

Фэрыщ1ым узыхуишэр жыхьэнмэ маф1эрщ

Истамбыл щыпсэуащ дин щІэныгъэшхуэ зыбгъэдэлъа шейхъ Шибли. Ар пщІэшхуэ зыхуащІ цІыхуу дунейм тетащ, псэухукІэ цІыхубзр ислъам диным хуриджащ. НэгъуэщІ къалэ щыпсэурт зы щІакхъуэгъажьэ. Ар зэи щыІатэкъым шейхъым и дерсхэм, аршхьэкІэ, щІэупщІуэрэ щІэныгъэлІым и псалъэ Іущхэр, и уазхэр зэбгрихырт.

ЗЭГУЭРЫМ шейхъым жраІащ: «Уа Шибли, дэ мэрем махуэ къыщІэкІуэ щхьэкІэ, зэи уи уазхэми емыдэІуаУэ, ауэ щыхъуКІи, дэр нэхърэ нэхъыфІу уи псалъэ Іущхэр зригъэщІауэ щыІэщ зы щІакхъуэгъажьэ. Абы апхуэдизкІэ Іиман бгъэдэлъщи, дауи, ар жэнэт Іыхьлыуэ щыщІэкІынщ», - жаІэри.

ЩІакхъуэгъажьэр щыпсэу кІалэм кІуащ шейхъыр, щІэупщІуэрэ и унэр къыщигъэтым, факъырэм хуэдэу зихуапэри, и бжэІупэм ІутІысхьащ. ЩІакхъуэ хъушэр иныгъыу, лІыр унэм къыщыщІэкІым, шейхъыр елъэІуащ щІакхъуэ Іыхьэ кІуритыну.

«Фыдзуэгъэуащ фэ факъырэ къомыр! Зызумыгъэлъагъуу, Іукі си бжэІупэм!, - жиІэри шейхъым щІэкІиящ.

ЦІыхухэм лІым зыхуагъазэри, жраІащ: «ШейхъШибли уи унэм щІэупщІащ, ущыпсэуп жетІри уи деж нэкІащ. Сытыт хьэщІэ лъапІэр уи деж ныщІэкІуар?»

Іуэхур зыІутыр къыщыгурыІуэжьым, щакхъуэгъажьэм и щхьэр фІиудыжащ, шым зридзэри, кІэлъыщІэпхъуащ. «Тхьэм щхьэкІэ къысхуэгъэгъу! Тхьэ соІуэ, укъэзмыщІыхуакІэ. Уэ сэ си деж укъэкІуэну сигу къззгъэкІыхакъым. СынолъэІу, губгъэн сыкъэуымыщІ», - лъэІуащ щІакхъуэгъажьэр.

«Къыпхуэзгъэгъунщ, уи мылькум ущымысхьу Іэнэшхуэ къэбгъэувэрэ, цІыхухэр бгъэхьэщІэмэ, я ныбэ изу бгъашхэмэ», - жиІащ шейхъым. ЩІакхъуэгъажьэр гуфІэжу Іуэхум пэрыхьащ, цІыхуищэм нэблагъэ зрикъуу къадэхуэжьи ерыскъы игъэхьэзыращ. Псоми гуапэу яІущащ, хьэщІагъэ ярихащ.

А псори зыльэгъуа зы лІым хъалифым зыхуигъэзащ: «Сехъуэпсащ щІакхъуэгъажьэм. Апхуэдизэ псапэ зыльэжьа а лІыр, дауи, жэнэт Іыхьлыуэ къыщІэкІынщ», - жиІэри.

«Шэч лъэпкъи хэлъхъым а лІым папщІэ жыхьэнмэ мафІэр зэрызэщІагъаплъэм», - жэуап къитыжащ хъалифым. «Сыт апхуэдэу щІыжьпІэр?» - итъэщІагъэуу щІэупщІащ лІыр. «Сэ факъырэм хуэдэу зыхуэпэу, Алыхьым и цІыкІэ щІакхъуэ Іыхьэ щхьэкІэ сыщелъэІуэм, сигъэпудри, сыкъыІуихужащ, сыкъуицІыхуатэкъыми. Иджы сыкъицІыхуащи, цІыхуищэм нэблагъэр игъэхьэщІащ сэр папщІэ. Алыхь лъапІэм и хьэтыркІэ зы щІакхъуэ Іыхьэ къызитыфакъым, сэр папщІэ мыпхуэдизэ лэжьыгъэ иригъэкІуэкІащ. Абы илэжь псори фэрыщІагъуэ цІыхум папщІэщ щІищІэр. Унэхъуащ ар», - жэуап итащ хъалифым.

Алыхьыр дэ дымыльагъу щхьэкІэ, Езым дыкъелъагъу, ди щэхурн нахуэри ещІэ, ауэ ди жагъуэ зэрыхъунщи, ар псоми къагурыІуэркъым.

Нэхъ гуэныхь дыдэхэр 70 мэхъури, абыхэм ящыщу фэрыщІагъыр етІуанэу къоКІуэ. Абы дыхуэвгъэсакъ.

Аращ насып жыхуаІэр

Сыжажэ Ахьмэд-хьэжыр *(щысщ)* **ягъэлъапІэ.**

Адыгэм зэрыжиІэщи, «Сабиигъуэ дахэр зы насыпщ, жьыщхьэ махуэ дахэр насыпищэщ».

УЗЫНШАГЪЭКІЭ гукъеуэ уимыІэу, бын нэщІэбжьэ умыльагъуу, цІэрэ щхьэрэ уиІэу, уи пщІэр пІыгъыжу дунейм утетынкІэ насыпу щыІэм ящхьэу къызолъытэ. ЩІэблэм я унэтІакІуэ, куэдым я чэнджэщэгъу, лэжьыгъэм и ветеран, дин щІэныгъэшхуэ зыбгъэдэлъ цІыху щыпкъэ Сыжажэ Ахьмэд Хьэжпагуэ и къуэм апхуэдэ фІыгъуэкІэ Тхьэр къыхуэупсауэ жьпІэ хъунущ.

Ар 1928 гъэм Зеикъуэ къуажэм къыщалъхуащ. ГъащІэм лъэныкъуэ куэдкІэ игъэунэхуа дадэ Іумахуэм и ныбжьыр щІышылэм и 14-м илъэс 90 ирикъуащ. А махуэр Іэтауэ ягъэлъэпІащ абы и щІэблэм.

Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий къабгъэдэкІ псалъэ гуапэкэр зэрыт тхыгъэкэр къыхуагъэхьащ нэхъыжьыфІым. Дадэм хъэхъукІэ зыкъыхуагъэззну, и махуэр даІэтыну Іуэхум зыкъраГъэхьэлІащ къуажэ, щІыналъэ администрацэхэм я лэжьакІуэхэми, мусЛъымэнхэм я дин Іуэхущ1апІэм и тхьэмадэ Дзасэжь Хьэзрэталин, нэгъуэщІ куэдми.

Ахьмэд-хьэжьмрэ и цхьэгъусэ ФатІимэтрэ щІалитхурэ зы хъыджэбзрэ зэдагъуэтащ, къуэрылъхуу пхъурылъхуу 27-рэ яІэщ. Дэтхэнэ зыри а цІыху щэджащэм хуэфащэу, дадэ Іумахуэм хиша лъагъуэм зэрытемыкІыным хущІэкъуу мэпсэу. Адыгэ хабзэр щытепщэ а унагъуэм из дэтхэнэ зыми адыгэ фащэ екІуэр ящыгъыу, адыгэ къафэкІэ къыхуэзІуахащ дадэм хуэхаха пшыхьыр.

Ахьмэд-хьэжьым Гъуэгуанэ дахэ и къыззпичащ. Дауи, абы и гъащІэр гугъуехь зэмылІэужьыгъуэхэмкІи гъэнщІат, ауэ щыхъуКІи, шыІэныгъэшхуэ хэлъу, сыт хуэдэ лъэпощхьэпори Іэщ1ыб ищІурэ ипэкІэ кІуэташ, щІэблэ узынщэ къыщІэхъуащ. Сыжажэм и къарукІэ, и пщІэнтІэпс хьэлэлкІэ зэригъэпэщІыжамкІэ и бныгр зэщІипІащ, ахэр зыхуэй хуигъэзащ. Сыт хуэдэ Іуэху пэрымытами, и лэжьыгъэр хьэлэлу ирихьэкІащ, абы папщІи фЫщІэ, щытхъу тхылъхэр къыхуагъэфэщащ.

Сыжажэр школым щІэтІысхьа лъэхъэнэм щеГъэжьауэ фЫы и лъэныкъуэкІэ цІыхум кьахэщу къэнэжьауэ гъуэгурыКІуащ. Телъыджэращи, илъэс 90 зи ныбжь нэхъыжьыфІым ещІэж епплІанэ классым щыщІэсам кьрату щыта дерсхэр.

Дадэм фЫы дыдэу ещІэж Хэку зауэшхуэр къыщыхъеяри, а зэман бзаджэм абы и нэгу щІэкІахэри. Ахьмэд-хьэжьы илъэс 14-м иту арат хъарбыз ипщІэу губгъуэм хэту зауэ гуэзвэгъуэр къащылъэІэсам. Абы фІэкІа зимыныбжь сабийр шыдым тесу мэз лъапэм нэс дэкІырт, ди сэлэтхэм я Іэщэхэр зэрауэздын шэхэр яхудишырти.

Дзэм къулыкъу щищІэу къэкІуэжа нэужь, илъэс 23-кІэ шахтэм, иужькІэ апхуэдизкІэ мэжджытым Іимаму щылэжьащ дадэр. Шахтэм ущІэтыныр, дауи, тыншкъым, ауэ щыхъуКІи, апхуэдэ Іэнатіэ хьэлъэм пэрытами, и нэмэзи и нэщІи зэрихьэфащ Алыхьым и арэзыщІынымгъэм телажьэ зэпытУ къэгъэгурыкІуа а цІыху псэ къабзэм. Сыжажэм хьэжьыщІ къиКІыжа нэужь, мурад ищІащ мэжджыт иуухуну. И хъуэпсапІэр къыдалыгащ абы и щІэблэм. Унагъуэр зэхьыхьэри, цІыху щитІым нэблагъэ зыщІэхуэн мэжджыт къуажэм щауэхуащ. Ар щІэтыпхъэ псомкІи къыззрагъэпэщащ. Абы нэчыхьи щатх, къабзагъэм, хьэлэлымрэ хьэрэмымрэ щыгъуазэ зызыщІыну уэрлхэм, диным и гъэгу дахэр къззылъыхъуэхэм, нэщІым, нэмэзым екъэлІауэ упщІэ зиІэ дэтхэнэ зыми жэуап нэс щагъуэт. КъищынэмыщІауэ, къужажэм гуэзвэгъуэ къэхъумэ, зыхуеину псомкІи къызыхуэтыншэу кьэзрагъэпэщащ. Шыуанышхуэхэр, щэнт, стІолъхэр гъунэжу щыІэщ. Зеикъуэ илъэс щиплІ щрикъум унагъуэм къабгъэдэкІыу къуажэм тыгъэ хуащІащ зи гугъу тщІы мэжджытыр.

«Дуней дызытетыр нэпцІщ, дуней щыпкъэр дыздэкІуэжьнуращ. Насып зиІэр Алыхьым хуэжьІыщІэращи, Тхьэр арэзы зыхуэхъунхэм ящыщ дыхъуну Алыхьым солъэІу», - жеІэ Ахьмэд-хьэжьым.

Дадэ жьыщхьэ махуэм узынщагъэ быдэ иІэу и щІэблэм дяпэкІи ящхьэщытыну дохъуэхъу!

Гъатхэпэм и нэмэз щІыгъуэхэр

• Фи лъэІукІэ

Махуэхэр	ПщІэдджыжьыр	Дыгъэр къыщыщІэкІыр	Шэджагъуэр	Ичындыр	Ахъшэмыр	Жасыр
1, махуэку	05.12	06.44	12.28	15.32	17.55	19.35
2, мэрем	05.10	06.42	12.28	15.32	17.56	19.36
3, щэбэт	05.08	06.40	12.28	15.33	17.57	19.37
4, тхьэмахуэ	05.06	06.39	12.28	15.34	17.59	19.39
5, блыщхьэ	05.05	06.37	12.28	15.35	18.00	19.40
6, гъубж	05.03	06.35	12.27	15.36	18.01	19.41
7, бэрэжьей	05.01	06.33	12.27	15.37	18.02	19.42
8, махуэку	05.00	06.32	12.27	15.37	18.04	19.44
9, мэрем	04.58	06.30	12.27	15.38	18.05	19.45
10, щэбэт	04.56	06.28	12.26	15.39	18.06	19.46
11, тхьэмахуэ	04.54	06.26	12.26	15.40	18.07	19.47
12, блыщхьэ	04.53	06.25	12.26	15.41	18.09	19.49
13, гъубж	04.51	06.23	12.26	15.41	18.10	19.50
14, бэрэжьей	04.49	06.21	12.25	15.42	18.11	19.51
15, махуэку	04.47	06.19	12.25	15.43	18.12	19.52
16, мэрем	04.45	06.17	12.25	15.44	18.13	19.54
17, щэбэт	04.44	06.16	12.25	15.44	18.15	19.55
18, тхьэмахуэ	04.42	06.14	12.24	15.45	18.16	19.56
19, блыщхьэ	04.40	06.12	12.24	15.46	18.17	19.57
20, гъубж	04.38	06.10	12.24	15.46	18.18	19.58
21, бэрэжьей	04.37	06.08	12.23	15.47	18.19	20.00
22, махуэку	04.35	06.07	12.23	15.48	18.21	20.01
23, мэрем	04.33	06.05	12.23	15.48	18.22	20.02
24, щэбэт	04.31	06.03	12.22	15.49	18.23	20.03
25, тхьэмахуэ	04.30	06.01	12.22	15.49	18.24	20.04
26, блыщхьэ	04.28	05.59	12.22	15.50	18.25	20.06
27, гъубж	04.26	05.58	12.22	15.51	18.26	20.07
28, бэрэжьей	04.24	05.56	12.21	15.51	18.28	20.08
29, махуэку	04.22	05.54	12.21	15.52	18.29	20.09
30, мэрем	04.20	05.52	12.21	15.52	18.30	20.10
31, щэбэт	04.19	05.50	12.20	15.53	18.31	20.12

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Мусльымэнхэм я Іуэхущ1апІэм къыдитащ.

Гуащ1эщ лей зылъысам и лъэІур

Алыхьым и псалъэу КъурІэным итщ, Мухьэмэд бегъымбар лъапІэми (Тхьэм и нэфІыр зыщыхуам) жиІауэ хьэдисым къыщыкІуащ лей зылъысам и лъэІур фІэкІыпІэншэу къабыл зэрыхъур. Алыхьым жиІащ: «Тхьэ соІуэ си зэфІэкІымкІэ, лей къоэзыхам хуэзмыгъэгъункІэ!».

Абы и щыхьэтщ мы хъыбар телъыджэри.

ЗИ Іэ лъэныкъуэр и дамащхьэм къыщыщІэдзауэ зыпымытыж лІым цІыхубзр къыхуриджэрт лей зэрамыхьэну. Абы жиІэрт: «Сэ сыкъэзылъэгъуам, зэи лей зевмыхьэ, быдэу фи фІэщ фщІы Алыхьыр зэрылеймыгъэгъур». «Сыт апхуэдэу щІыжьпІэр?» - жаІэу щыщІэупщІэм, абы къиІэтэжащ и хъыбарыр.

ЩапхъэУ нэхъапэм дунейм сызэрытемытар сыбзыщІыркъым. Зы махуэ гуэрым сыІуущІат бдзэжьеишхуэ къэзыубыда бдзэжьеящэм. Сэ абы сехъуэпсати, дауэ сымыщІми, а бдзэжьейр абы кьыІэщІэзгъэкІыну мурад сщІат. АрщхьэкІэ къызитин идатэкъым: «Бдзэжьейр сымыщэмэ, си быным езгъэшхын сиІэкъым», - жери. Апхуэдэу щыхъум, лІыр субзрэжьри, бдзэжьейр кьытесхащ. Си мурадыр къыззрызэхъуІам сригушхуэу сыкъызэдэкІуэжьым, бдзэжьейр си Іэпхъуамбэм кьедзэкъащ. Нэху щыхъу симыгъэжейуэ кьыззуэщІ си Іэр. ПщэдджьжьыМ докутырыр щезгъэпІым, къыізжиІащ, си Іэпхъуамбэр е зэрекІуар, памыхьыи зэрымыхъунур. Іэпхъуамбэр пахами, абы щхьэкІэ къэмынэу узыр дэІэпхъуейуэ щІидзащ, аргуэрым памыхьу хъуакъым. Мис апхуэдэурэ, узыр Іэпхъуэурэ, си Іэ лъэныкъуэр псори пахащ.

Зы лІы гуэр си Іэр щІыпахам и щхьэусыгъуэмкІэ къыщыщІэупщІым, жесІэжащ бдзэжьейм и хъыбарыр. ЛІым къызжиІащ: «Тхьэ соІуэ, уи Іэпхъуамбэм узын щыщІидза дыдэм лей зэпхам и деж укІуэрэ, къыпхуигъэгъуну уелъэІуатэмэ, Алыхьым гущІэгъу къыпхуищІынтэмэ! Къэгъуэт лей зэпхари, ельэІу къыпхуигъэгъуну». ЛІыр къэслъыхъуащ икІи къззгъуэтащ. Лъэгуажьэмыщхьу зездзыхри, селъэІуащ къысхуигъэгъуну. АрщхьэкІэ абы сыкъицІыхужакъым, къызэупщІащ: «Уэ уэхэт?» жери. Іуэхур зыІутыр къыщыгурызгъаІуэм, Тхьэм схуельэІуащ къысхуигъэгъуну. Сэ абы сеупщІат: «Укъызэбгат?» - жысІэри. «Сынобгат», - жиІащ лІым. «Лей къызэрызихар пльэгъуащ, Ялыхь, къыхуумыгъэгъу».

Араща, лейр Алыхьым зэи игъэгъуркъым. Лей зылъысам и лъэІум нэхърэ нэхъ гуащІи зыри щыІэкъым. Зи гур иракъутыхьа щІыхум: «Ялыхь къыхуэгъэгъу», - жиІэкІи, ар абы и гум гуаузэу илъмэ, лей зезыхьам Тхьэм къыхуигъэгъунукъым.

Экономикэ Политикэ

Махуэ

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

Ягъэгуфіэну хьэмэрэ къагъэпцІэну?

2018 гъэм накъыгъэм и 1-м щыщІэдзауэ лэжьакІуэм и улахуэр сом 11163-рэ нэхъ икІэ къакІуэ хъунукъым. Иджы щыІэ ужь ящыІ, хьыбар зрагъэщІауэ щыгъэм, н.кь.) тепщыхьмэ, ари куэду жыІэгъуейщ. Ауэ а мащІэри ялъэкІыу зымыгъэм унафэщІэхэр зэрыщыІэм то-гуэзвыхь Урысейм и профсоюзхэм я зэгуэхьэныгъэм и секретарь Куликов Евгений.

- Илъэсыщ1эм дыхьэхэн и пэ къихуэу Забайкал крайм и бюджет Іуэхущ1апІэ гуэрхэм «техперсонал» жыхуаІэ я лэжьакІуэхэм хьыбар ирагъэщІауэ 2018 гъэм гъатхэпэм и 1-м щыщІэдзауэ ахэр сихьэт бжыгъэкІэ фІэкІа зэрамыгъэлэжьэнум теухуауэ. НэгъуэщІу жыпІэмэ, хьыбар зрагъэщІахэр хэтыжьнукъым я лэжьакІуэ бжыгъэм. Абы къикІыращи, МРОТ-м зэрыхагъахьуэр а лэжьакІуэхэм зыкІи ялъэІэсыкнукъым. Уеблэмэ, Іуэхущ1апІэ пэшхэр зэлъпІуэныххэр, сабийгъэнэдІуэхэр (няня жыхуэтІэхэр), пощтэхьэхэр, нэгъуэщІэхэри хилъэфянуц: сыманджэу лэжьакІэм хьыдэмыкІмэ, абы пэкІуэлпхэ ахъшэри, илъэсым зэ зэрызэгъэпсэхуным техуэри, сабий зэригъэтынум епхауэ къратыпхъэри, уеблэмэ пенсэри фІэкІуэдынуц, - жеІэ Куликовым. - Къэрал зызыужьам къекІуркъым и цІыхуэхэр тхьэмыщкІэу игъэпсэуну. Улахуэр сом 11163-рэ хьупэмиц, налогыр хэхІа мужькІэ цІыхуэм сом 9711-рэщ кьыІэрихьэр. Абыкіэ псэуа ухъу-ну? Ауэ а тІэкІыри къытрахыну я мурадщ. Сэ сыззеріпыкІэ, упсэун щхьэкІэ я нэхъ мащІэу уиІэн хуейуэ яГъэбелджыла ахъшэр къызэрымыкІуэу «якъузащ». Икіи арри МРОТ-ри къэІэтын хуейщ, ди цІыхуэм къулейсызыгъэм къыхэтэтын мурад диІэмэ.

МРОТ-м накъыгъэм и 1-м щыщІэдзауэ зэрыхагъэхъуэнум техууа хабзэр ямыгъэзэщІэн щхьэкІэ хьилагъэ къэзыгупсыс унафэщІэхэм яхуэгъэзауэ фхуэщІэнурацІи, лэжьыгъэмкІэ инспекцэмрэ прокуратурэмрэ фытхьэуСыхь, - жеІэ профсоюзхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщІэхэм ящыщ зым.

Ди къэралым и унафэщІхэм улахуэри пенсэри зэрымащІэр къаззгурыІуэм и щыхьэтщ УФ-м и Правительствэм и Унафэщ1эм и къуэдзэ Голодец Ольгэ къыхьилъхьэр: абы къызэрилытымкІэ, пенсэр сом мин 25-м нэгъэсын хуейщ. Ауэ пыухыкІауэ жиІакъым абы къэралыр щыхуэжІуэфрыну мазэри гъэри.

Дуней псор къапщтэмэ, пенсэр лэжьапІщІэм и процент 40-70 мэхъу. Ауэ упсэуну щымащІэкІэ (ику иту мин 15 къэтэтэнщи) абы и процент 70-р пенсэу щыІэм хуагъэувыжми, узэрыримыпсэуфынур гурыІуэгъэщ. Урысейм Статистикэмкіэ и Іуэхущ1апІэм къызэритымкІэ, кІуелейсызэм я бжыгъэр мелуан 23-м нэсауц. Мыхэр псорри лэжьапІэнщэжыну аракъым, атІэ зэрылажьэм хуэдэурэ къуелейсыз хьуауэ, пенсэм тІысыжахэр уасэхэм пэмыльэщыжу я псэуКІэр екІэкІуауэ арац.

Цыхуэхэр зыгъэгъазэ, унафэщІэхэм пылъхьэ хуащІ щыщІэныгъэм куэд тепсэлъыхь зэрыхъуам къыгъэлъагъуэ абы хэкІыпІэ гуэр икІэщІапІэкІэ къыхуагъуэтын зэрыхуейр.

Напэ зиІэм хуэзэфІэкІыр

Абы си Іуэху хэлъхьам. Сэ си Іуэху схуэзехуэжащэрэ. Уи мыуэху уи бэлагъ хьыумыІу. Мы псэпІафэхэр фІыуэ дызыщыІэгъуэзащ. Утыншыну ухуейм, уи щхьэм фІэкІа нэгъуэщІым уемыгупсысмэ, хьунущ апхуэдэу упсэуми. Ауэ щыІэщ цІыхуэгъэмрэ напэмрэ япэ изыгъэщхэр. Апхуэдэжэм ящыщ зым и гугъу ещІ «Аргументы и факты» газетым. Ар Ставрополь крайм и Изобильнэ районым щыІэ Новопавловскэ къуажэм щыщ Шатерников Викторщ. Щ1алэм къиухащ Санкт-Петербург дэт кІэдет еджапІэм и ракетэ-артиллерие корпусымрэ Іэщ1агъэ хуэдэм тещІыкхьа Ищхэ-Урыс техникумымрэ. 2017 гъэм Виктор къызэригъэпэщащ къэралым къыдэхуэкІэ икІи зэхэзыхэ цІыхуэхэм къащхьащыж «Со-Весть» организацэр. Иджы абы и къудамэхэр крайм и районхэм къыщызэІуах.

Іуэхур къызэригъэщІ. Виктор телефоным хэт камерэр щІегъанэ цІыхуэгъэнщагъэу, ныкъуСаныгъэ къиІыбытэ щІэпэщІыхэр зэхэзыхэ трихамрэ Интернетымкіэ хэІущІыІу ещІ.

- Жылагъуэ Іуэху зепхуэным сыт щхьэусыгуэзу хуэхъуар? - упщІэм и жэуапыр мыращ.

- Зэгуэр сымаджэщым сыкІуауэ, кІэлыпдэгум и унэльэгум деж щыІэ, зыри зыбгъэдэмыхьэ лІы къэслъэгъуащ. Дохутырыр кьрезгъажэри, абы дэІэпыкъун зэрыхуейр жесІати, «нэхъ мащІэу ирыерфэ, араущ абы хуэфащэр», тКІийуэ къыспидзыжащ. Сыкъэгубжьат. «Камерэр щІэзгъэзнэщи, а зэхэзбгъэхар иджыри зэ жьІэжьат», - зэрыжьысІэу, тхьэмыщкІэр къэІэтри, сымаджэхэр зыщІэлъэ пэшхэм езым щІахьащ. Абы лъандэрэ мыр Іэмалыфіу къэзгъэзнэхуауэ къызогъэсэбэп».

Виктор ищІэр зигу ирамыхьэ зызщыІэм и щыхьэтщ лэжьэн зэрыщІдзэрэ и машинэр зэрагъэсар, «Со-Весть» организацэм и Іуэхущ1апІэм и бжэр хакъутыкІыну яужь зэриратр.

Девгъэплъыт ягу ирамыхьэм. Сымаджэщым щІэлъым инсулин къратэщэху, ямыІэу жаІэри. Сабий зыгъэтын хуей бзыльхугъэм дохутырым ахъшэ иримытмэ, къызэремыгупсыс нур къыжраІэ къудейкъым, атІэ ныкъмыплъ къыхуащІ я жыпым зыгъэ нэсыху. Апхуэдэжэм ящыщ зы цІыхуэзыр тегушхуэри и телефоным тритэхтащ ахъшэм теухуауэ къыжраІар, икІи Интернетым ирыригъэпхьащ, «мыпхуэдэ лэжьэкІэм зэ мыхьуми кІэ иІэн хуейкъэ?»-гупсысэм трищІыхьри.

ЦІыхуэхэм леишхуэ къащ1ытехьэ кІэзэрыхуэм и щхьэхэту Виктор къигъэлъагъуахэм язым уи щхьэфэцыр егъэтэдж. Новотроицк щыщ цІыхубз гуэркьеІуэ Виктор дежи къэпсэлъащ и куэум и Іэпхъуамбжьакіэр паупщІауэ, уеблэмэ ящкІыну къаГъэшІэну лэжьапІэм къикІыжауэ жиІэри. Ар къезыщІар зыхуэлажьэ хьэрычэтыщІэрат.

Виктор и гуапэу къыжеГъащ мы Іуэхуэкэр псынщІэ дыдэу хабзэхъуэм лэжьакІуэм зэрызэхагъэкІыр.

- Унафэщ1эр бубу, абы щыгъуэми хабзэхъумэкэр зыдэбГъэІэпыкъуу - ар дауэ пхуэзэфІэкІра? - упщІэм и жэуапыр гъэщІэгъэунэщ, уеблэмэ гууз-лыуз зиІэхэм хьагъэсэбэп хъуну Іэмалщ.

- Сэ унафэщІэхэр субыркъым. Ауэ къэралыр къыжьудэхьэм ягъэзащІэм куейщ я къалэнхэр. Ар зэпымычу жеІэ УФ-м и Президентми, ар итщ Конституцэми. Дэ дызыщІэупщІэм, ныкъуСаныгъэ, уеблэмэ щІэпхьаджагъэ къэдгъэльагъуэхэм ятеуухауэ я жэуапрэ я Іуэхущ1апІэ пхуэзэфІэкІ. Къапщтэмэ, Изобильнэмрэ Солнечнодольскрэ я сымаджэщхэм я щытыкІэр зыхуэдэр Интернетымкіэ хэІущІыІу тщІати, иджы а тІуми лэжьыгъэ щокІуэкІ, зыхуей хуагъэзэным теухуауэ. КъулыкъущІэхэр «къэдгъэушыну» тхуэзфІэкІри, Іуэхур ежьащ. Зыкіи пхуэмыгъэпІейтей къэхэкІмэ, зы упщІэщ дгъэувыр: «И къулыкъым тГъэкІауэ зигъэпсэхуну Іэмал етамэ мынэхъыфІу пІэрэ?»

И цІхьэ мыузым боз щІришэкІыжым теухуауэ мы щІалэм жиІэм гугъущ арэзы зымыгъэхуэну: «НыкъуСаныгъэхэм утепсэлъыхьу, узэхуэтхьэусхуэзу ущыкІэ хьуну? Дэнэ апхуэдэу дызыдинэсынур? Сэ сабиитІ сиІэщи, схуэздфІэкІ сщІэнущ, ахэр дз нэхърэ нэхъыфІу псэун папщІэ».

Мы щІалэм сызригъэгупсысарацІи, хэкІур фІыуэ зыпІэлъ хуэмэ: «НыкъуІэкІэ-псэуКІэм зезыгъэузэщІыну ухуей дэтхэнэмкІи щапхъэщ ныкъуСаныгъэм ублэмыкІынымрэ зыхуэзфІэмыкІым удэІэпыкъунымрэ. Сыту фІыт «Со-Весть» организацэм хуэдэ гуэр ди щІалэгъуалэмэ къызэрагъэпэщамэ.

Къуажэ зиІэ нэхърэ - Іэ зыфІэт

Дагъыстэныр цІыху Іэпщ1эльапщІэкІэ бейщ игъащІэми. ЩІыр зи мащІэ бгырыкъэм гъэм и кІыхьагъым я къарумрэ зэфІэкІымрэ зрахьэлІэн Іуэху яІэн хуейтакъэ?! Арагъэнщ дагъэм, дыщэм, дыжьыным, пхъэм, мывэ лъапІэхэм елэжь Іэщ1агъэлІхэр щІакуэдри, уеблэмэ лъэпкъкІэ, куэажакІэ нэхъ пыухыкІауэ зэлэжь щыІэ щІэхъуари.

Зы зэмани къэхуакъым цІыхум и Іэкіэ ищІам уасэшхуэрэ щІэупщІэрэ щимыІа.

Абы и щІыхьэтщ Унцукуль къуа-жэм щыщ Магомедалиев Магомедали и Іэщ1агъэр зэхъуэшхуэ къыхуэзыхь хьэрычэт Іуэхум зэрыхуигъэкІуэфар. И мызакъуэу, и щхьэгъусэри и бынищри къыдолажьэри, зэрыжиІэмкіэ, яхуэщІым нэхърэ нэхъыбэ яхуэщэну апхуэдэ щІэупщІэшхуэ яІэщ мы унагъуэм щащІ хьэпшыпхэм. Унцукулдэсхэр цІэрыІуэу щытащ Іэщэ щІынымкІэ, итІанэ (XVIII лІэщІыгъуэм) нэхъыбэм зратащ пхъэм кьыхэщІыкІа хьэпшыпыр дыщэрэ дыжьынкІэ гъэдэхэным. Дэтхэнэ унагъуэми езым и тхьипхъэщІыпхъэ къигупсысати, ар зыщІар занщІэу къащІэрт.

- Сэ си адэшхуэ Хьусейн Іэпщ1эльапщІагъэкІэ къытекІуэн уигъэльыхьуэну апхуэдэт икіи ар цІэрыІуэт. Абы и нэІэ кьыстетуяпэу сщІар зейм кьыхэщІыкІа щІакъуэ баШт, мельхиоркІэ (адыгэм аршав жьхуаІэращ. - *Ш. М.*) гъэщІэрэщІауэ. А лъжьгъэр къупынщынымащ, ауэ апхуэдизкІэ дахэ мэхъури, уаси иІэщ. Дэ къэтщэхур пхъэ быдэхэращ, хуэрэджей, балией, дей, бжей, мэз хъжьжей жыпІэми. Хуэрэджей и тхьипхъэр дахэ дыдэщ, ауэ абы уелэжьыну гугъущ, илъэскІэ умыгъэгъуауэ зыри кьыхэупщІкІ хъунукъым - кьэчэнчу, - жеІэ Магомедали. - Псом нэхъыбэ нэхъ гугъур зы цІыху гуэрым щхьэкІэ щхьэхуэру пщІыраш. Псалъэм папщІэ, иджыблагъэ зэфІэзгъэкІащ лэжьыгъэшхуэ. ЗыхъумэжьныгъэмкІэ министр Шойгу Сергей щхьэкІэ сщІащ зы метр зи лъагагъ вазитІ, пхъэм кьыхэщІыкІауэ. Зыр згъэщІэрэщІащ Урысей и Гербымрэ Плыхъуэмыл и вагъэкІэ, адрейм Санкт-Петербургым и Іуэхущ1апІэм и щІыхьэтщ. А лъжьгъэм илъэсрэ ныкъуэрэ текІуэдащ, къызыхэсщІыкІар пхъахуэ хэлъу бгъэгъуэн кьудейм илъэс ехь, - жеІэ Магомедалиевым.

Интернетым и фІыгъэкІэ куэдыр щыгъуазэ хьуащ мы цІыху Іэпщ1эльапщІам и зэфІэмыкІ. Хьэрыл Эмират Зэгуэтхэм, США-м, европей къэрал зыбжанэм, Урысейм и хэгъэгухэм ирагъашэ Магомедали и Іэрыкіэхэм щыщ. Псалъэм папщІэ, Колорадэ щыщ зы цІыхубз гуэркьеІуэ Виктор дежи къэпсэлъащ и куэум и Іэпхъуамбжьакіэр паупщІауэ, уеблэмэ ящкІыну къаГъэшІэну лэжьапІэм къикІыжауэ жиІэри. Ар къезыщІар зыхуэлажьэ хьэрычэтыщІэрат.

Виктор и гуапэу къыжеГъащ мы Іуэхуэкэр псынщІэ дыдэу хабзэхъуэм лэжьакІуэм зэрызэхагъэкІыр.

- Унафэщ1эр бубу, абы щыгъуэми хабзэхъумэкэр зыдэбГъэІэпыкъуу - ар дауэ пхуэзэфІэкІра? - упщІэм и жэуапыр гъэщІэгъэунэщ, уеблэмэ гууз-лыуз зиІэхэм хьагъэсэбэп хъуну Іэмалщ.

- Сэ унафэщІэхэр субыркъым. Ауэ къэралыр къыжьудэхьэм ягъэзащІэм куейщ я къалэнхэр. Ар зэпымычу жеІэ УФ-м и Президентми, ар итщ Конституцэми. Дэ дызыщІэупщІэм, ныкъуСаныгъэ, уеблэмэ щІэпхьаджагъэ къэдгъэльагъуэхэм ятеуухауэ я жэуапрэ я Іуэхущ1апІэ пхуэзэфІэкІ. Къапщтэмэ, Изобильнэмрэ Солнечнодольскрэ я сымаджэщхэм я щытыкІэр зыхуэдэр Интернетымкіэ хэІущІыІу тщІати, иджы а тІуми лэжьыгъэ щокІуэкІ, зыхуей хуагъэзэным теухуауэ. КъулыкъущІэхэр «къэдгъэушыну» тхуэзфІэкІри, Іуэхур ежьащ. Зыкіи пхуэмыгъэпІейтей къэхэкІмэ, зы упщІэщ дгъэувыр: «И къулыкъым тГъэкІауэ зигъэпсэхуну Іэмал етамэ мынэхъыфІу пІэрэ?»

И цхьэ мыузым боз щІришэкІыжым теухуауэ мы щІалэм жиІэм гугъущ арэзы зымыгъэхуэну: «НыкъуСаныгъэхэм утепсэлъыхьу, узэхуэтхьэусхуэзу ущыкІэ хьуну? Дэнэ апхуэдэу дызыдинэсынур? Сэ сабиитІ сиІэщи, схуэздфІэкІ сщІэнущ, ахэр дз нэхърэ нэхъыфІу псэун папщІэ».

Мы щІалэм сызригъэгупсысарацІи, хэкІур фІыуэ зыпІэлъ хуэмэ: «НыкъуІэкІэ-псэуКІэм зезыгъэузэщІыну ухуей дэтхэнэмкІи щапхъэщ ныкъуСаныгъэм ублэмыкІынымрэ зыхуэзфІэмыкІым удэІэпыкъунымрэ. Сыту фІыт «Со-Весть» организацэм хуэдэ гуэр ди щІалэгъуалэмэ къызэрагъэпэщамэ.

«Махуэхум» и къыдэкІыгъуэр зыгъэхьэзырар **ШИРДИЙ Маринэщ.**

● Хъыбар гуапэ

Ныбжьыщ1эхэм я зэфІэкІ

**Щапхъэу къалытэ «Вагъуэ цІыкІу» сабий къэфакІуэ ансамблым (художественнэ унафэщІыр КъБР-м гъуэдзэжьмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ Къурашэ Эдикщ) аргуэру зы текІуэныгъэ иІэщ. Шершнев Виктор и саугъэтыр къэхьыным теухуауэ цІыхубэ къафэхэмкІэ